ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
ÁJINIYaZ ATINDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

***Qol jazba huqıqında***

**MAGISTRATURA BÓLIMI**

5A111601- Social-gumanitar pánlerdi oqıtıw metodikası (ruwxıylıq tiykarları) qánigeligi 2-kurs magistrantı

**SULTANOVA RUXANGIZ KAMALOVNA**

**magistr akademiyalıq alıw ushın jazılǵan**

# DISSERTACIYASÍ

**TEMA: «ISLAM DINI RUWXIY KAMALATTIŃ QURAM BÓLEGI»**

| | |
|---|---|
| Magistratura bólimi baslıǵı: | filos.i.k, doc A.Embergenov |
| Magistrant: | R.Sultanova |
| Ilimiy basshı: | akademik J. Bazarbaev |
| Kafedra baslıǵı: | p.i.d (PhD) E.Tilewov |

Kaferdra májilisiniń 2020-jıl 30-may sánesindegi
№10 protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi

NÓKIS – 2020

**SULTANOVA RUXANGIZ**

# ISLAM DINI RUWXIY KAMALATTIŃ QURAM BÓLEGI

5A111601- Social-gumanitar pánlerdi

oqıtıw metodikası (ruwxıylıq tiykarları)

**Magistr**

**akademik dárejesin alıw ushın jazılǵan**

**dissertasiya**

**Ilimiy basshı:** **akademik J. Bazarbaev**

**NÓKIS – 2020**

# ISLAM DINI RUWXIY KAMALATTIŃ QURAM BÓLEGI

## Joba

Kirisiw........................................................................................ 3

I-bap. Ruwxıylıq hám bárkamal insan

1.1. Ruwxıylıq hám onıń áhmiyeti.................................................... 7

1.2. Islam ruwxıyatı hám shaxs........................................................ 10

1.3. Ruwxıylık din qatnası máselesi.................................................. 24

II-bap. Ádeplilik bárkamallıq belgisi. Islam ádep-ikramlıǵı bárkamallıqqa umtılıw.

2.1. Isenim, páklik ádebi...................................................................27

2.2. Quranı kárim hám Hádiysi shariplerdeádep-ikramlıq táriypi...... 34

2.3. Imam Buxariydiń «Al-adab al-mufrat» shıǵarması.................... 39

III-bap. Islam dininde ruwxıy kámilikke umtılıw shártleri.

3.1. Insannıń minez-qulqın jetilistiriw............................................... 52

3.2. Islamdaǵı bilim, aqıl, ilimge umtılıw.......................................... 61

Juwmaq ........................................................................................ 74

Paydalanǵan ádebiyatlar................................................................... 78

# Kirisiw

Din ázelden insan mánawiyatınıń quram bólegi sıpatında, adamzattıń joqarı idealları haq hám haqıyqat, insap hám ádalat tuwrısındağı arzıw-ármanların ózine jámlegen hám olardı bekkem saqlağan ideyalardıń tizimi bolıp esaplanadı. Ol ásirler dawamında xalqımızdıń kewlinen tereń orın alıp, ómirdiń mánisin ańlaw, milliy mádeniyatımızdı, turmıs tárizimizdi hám qádiriyatlarımızdı, dástúrlerimizdi taza saqlawğa xızmet etti. Muqaddes dinimizdiń pákligi, insanparwarlığı bawrıkeńligi, adamzattı hámme waqıt jaqsılıqqa shaqırıwı xalqımızdıń sadaqatlığı sıpatında tariyxqa belgili.

Sonlıqtanda húrmetli Prezidentimiz Sh.M. Mirziyoev óziniń Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Májliske múrajatında "Mámleketimizde nadanlıqqa qarsı – marifat, degen iygilikli ideya tiykarında islam dininiń insanparwarlıq áhmiyetin, tınıshlıq hám doslıq sıyaqqlı adamgershilikli maqsetlerge xızmet etiwin úgit-násiyatlaw kún tártibindegi turaqlı máselelerden biri bolıp qaladı" degen pikiri bul pánniń áhmiyetin kórsetedi.

Islam dini turmıs filosofiyası ekeni, ol jámiyet ağzaların eń joqarı insanıy pazıyletler iyesi etip tárbiyalawın, insanpárwarlıq, watanpárwarlıq, tınıshlıqsúyiwshilik, ádillik, hadallıq, basqa dinlerge húrmet, joqarı dárejeli ádeplilikti eń jaydırıwın ańlap jetiw, islam tariyxınan xabardar bolıp, watanlas ulamalarımızdıń islam mánawiyatınıń rawajlanıwına qosqan ullı úlesin biliw hár qaysımız ushın áhmiyetli esaplanadı. Bul máselelerge birinshi Prezidentimiz ayrıqsha toqtalıp bılay degen edi: «Biz ata-babalarımızdıń muqaddes dinin qádirleymiz, húrmet etemiz, adamzat, ruwxıy dúńyasında iyman-isenimdi, insanıy pazıyletlerdi bekkemlewde onıń ornı hám tásiyrin joqarı bahalaymız»[1].

**Temanıń aktuallığı.** Din - tárbiya quralı, ádep-ikramlılıqtıń tiykarı, mánawiyat mektebi. Iymanlı, isenimli bolıw nátiyjesinde keleshek ushın úlken maqsetler tuwıladı. Yağnıy keleshekti qálbiniń kózi menen kórip, aqıl menen

---

[1] İ.A. Karimov «O`z keleshegimizdi o`z qolımız benen qurıp atırmız» No`kis. «Qaraqalpaqstan» 1999, 16bet

basqaradı. Insannıń ruwxıy bárkamallıǵına umtılıwın hám, ayırım islamıy aǵımlar ideyalarınıń zıyanlı aqıbetlerin kórsetip beriw dessertatsiyamızdıń aktuallıǵı bolıp esaplanadı. Sonıń menen birge islam mánawiyatı milliy oy-pikirdiń áhmiyetli quram bólegi bolıwı menen birge ata-babalarımızdıń biybaha miyrası bolıp ta esaplanadı. Sonlıqtan olardıń miyrasın úyreniw ayrıqsha áhmiyetke iye.

"Usı kóz-qarastan qaraǵanda, muqaddes islam dinimizdi pák saqlaw, onı hár qıylı ǵárezli topılıs hám qáwiplerden, dóhmet hám jalalardan qorǵaw, onıń tiykarǵı mánisin ósip kiyatırǵan jas áwladımızǵa tuwrı túsindiriw, islam mádeniyatınıń iygilikli ideyaların keń túrde úgit-násiyatlaw wazıypası elede aktual bolıp kelmekte"[2].

**Izertlewdiń maqseti.** Islam ruwqıylıǵın milliy ruwqıyatımızdıń quram bólegi sıpatında hámde tariyxıy protsesstiń kontekstinde qarap, onnan alınǵan juwmaqlar boyınsha búgingi kúnde barkamal áwladtı tárbiyalawdaǵı áhmiyetli bolǵan ulıwma hám ayrıqshalıqqa iye tárepler in ashıw, sonıń menen menen birge xalıqımızdıń joqarı mánawiyatın qáliplestiriwde islamnıń unamlı tárep lerin milliy ideyanıń tiykarında izertlew bolıp tabıladı.

**Izertlewdiń wazıypaları.**

- Ruwxıylıq din qatnası máselesin analiz etiw;
- Islam ádep-ikramlıǵı bárkamallıqqa umtılıw hám onıń házirgi zaman ushın áhmiyetin kórsetiw;
- Quranı kárim hám Hádiysi shariplerde ádep-ikramlıq táriypi hám onıń áhmiyetin kórsetiw;
- Imam Buxariydiń «Al-adab al-mufrat» shıǵarması onıń mánawiy barkamal áwladtı tárbiyalawdaǵı áhmiyetin kórsetiw;
- Islam dini hám milliy mánawiyatımızdıń tariyxıy tamırları, qáliplesiw basqıshların analiz etiw;
- Globallasıw sharayatında islam mánawiyatınıń mánawiy barkamal áwladtı tárbiyalawdaǵı áhmiyetin kúsheytiw;

[2] Karimov İ. A. Yuksak ma`naviyat – engilmas kuch. – T.: Ma`naviyat, 2008. – B. 37.

- Insandı kamal taptırıw hám jámiyetti rawajlandırıwda islam mánawiyatınıń ózine tán ornın qarap shıǵıw.

**Mashqalanıń úyrengenlik dárejesi.** Ruwqıy bárkamal insandi jetilistiriw há dayım aktual wazıypalardan biri bolıp kelgen. Oraylıq Aziyalıq alımlardıń ilimiy jumıslarında Abu Nasr Farabiy, Ibn Sina, Ibn Rushd, Ibn Bajja, Abu Hamid Ǵazzoliy sıyaqlı orta ásir oyshıllarınıń filosofiyalıq kóz-qarasları baslı derekler tiykarında bir qansha tolıǵıraq úyrenilgen. Filosoflar Boltaev M.[3], Xayrullaev M.[4] J. hám basqa da izertlewshiler bul filosoflardıń islam mánawiyatı tariyxında múnásip orın iyelewin tiykarlı túrde jarıtıp bergen.

Bul tema boyınsha Qaraqalpaqstan sharayatında derlik izertlewler alıp barılmadı, tek ǵana ayırım ilimpazlar tiykarınan, akademik J. Bazarbaev[5] óziniń bir neshe miynetlerinde, maqalalarında islam mánawiyatınıń mánawiy jetik insandı tárbiyalawdaǵı áhmiyeti haqqında pikirlerin keltirip ótedi.

**Jumısımızdıń ob`ekti.** Milliy mánawiyatımızdıń hám ulıwmainsanıy mánawiyattıń quram bólegi bolǵan islam dini hám ondaǵı ruwqıylıq máseleleri jumısımızdıń ob`ekti bolıp tabıladı.

**Jumısımızdıń predmeti.** Islam mánawiyatı hám onıń dereklerindegi shaxs mánawiy pazıyletlerin qáliplestiriwshi faktorlar, hámde házirgi kúnde barkamal áwladtı tárbiyalawdaǵı áhmiyetli ideyaları jumısımızdıń predmeti esaplanadı.

**Jumısımızdıń metodologiyalıq hám teoriyalıq tiykarları** sıpatında Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I. Karimovtıń bayanatlarında hám shıǵıp sóylewlerinde, rásmiy hújjetlerdegi xalıqlarımız mánawiyatın úyreniw boyınsha metologiyalıq tujırımlardı ilimiy ob`ektivlik, salıstırmalı-sistemalılıq hám xalıqlarımızdıń mánawiy qáliplesiwinde islam dini haqqındaǵı konkret-tariyxıy izzertlewdiń printsipleri, sociallıq-

---

[3] Boltaev M. Voprosı gnoseologii i logiki v proizvedeniyax İbn Sinı i ego shkolı. – Dushanbe: İrfon, 1965. -600 s.; Boltaev M. Abu Ali ibn Sina – velikiy mıslitel` uchyonıy – entsiklopedist Srednego Vostoka. – T.: Fan, 1980. -163 s

[4] Xayrullaev M. M. Wrta Osiyoda ilk uyg`onish madaniyati. – T.: Fan, 1994. -78 b.

[5] Bazarbaev J. , Dawletova Q. A`deptanıw. -No`kis, 1994 ; Bazarbaev J. Ruwxıylıg`ımız ma`seleleri. -No`kis, NMPİ 2000; Bazarbaev J. A`dep filosofiyası. -No`kis, 2010

filosofiyalıq, tariyxıy-filosofiyalıq ilimlerdiń jetiskenlikleri Oraylıq Aziya oyshıllarınıń intellektuallıq pikirlewleri esaplanadı. Jumıstı jazıw barısında avtor tárepinen islam mánawiyatın izzertlewge baylanıslı dissertatsiyalar, monografiyalıq miynetler, ilimiy jurnallardağı maqalalar, baspa sóz materialları h.t.b. paydalanıldı.

**Jumıstıń ilimiy jańalığı**, eń aldı menen islam mánawiyatınıń insannıń ádep-ikramlılıq potentsialın joqarılatıwǵa baǵdarlanıwı sonday-aq onıń ideya sıpatında qaraǵanımız benen, bolmıslıq negizge iye ekenligi názerde tutıladı.

**Jumıstıń teoriyalıq hám praktikalıq áhmiyeti** sonda joqarı hám orta arnawlı oqıw orınlarında «Din hám ruwxıylıq», «Mánawiyattanıw», «Diniy ekstremizm hám terrorizmge qarsı gúrestiń ruwxıy aǵartıwshılıq tiykarları» hámde «Dintanıw» pánleri ushın kómekshi material sıpatında qollanılıwı múmkin.

**Jumıstıń dúzilisi.** Jumıs kirisiw, úsh bap, segiz paragraf, juwmaqlaw hám paydalanılǵan ádebiyatlardan turadı.

## I-bap. Ruwxıylıq hám bárkamal insan

### 1.1. Ruwxıylıq hám onıń áhmiyeti

Farabiy ádepli, jaqsı minez-qulıqlı insan degende ilim-bilimge umtılatuğın, haqıyqat hám ádalat ushın gúresetuğın, nahaq sózlerdiń dushpanı, óz pikirinde tura alatuğın adamdardı názerde tutadı. Bunday insan bolıw ushın adam ózine tómendegi on eki qásiyettti jámlestirgen bolıwı lazım: jaqsı den sawlıq, ótkir zeyin, bekkem yad, tez sheshimge keliw, shiyrin ziban, ilim-bilimge umtılıw; zıyanlı qumar oyınlarınan jıraq bolıw; haqıyqattı hám ádalattı súyiw; ar-namıslı bolıw; dúnyaparaz bolmaw; insanpárwar bolıw; orınsız ójet bolmaw.

Kámil insannıń tağı bir xarakterli belgisi watanparwarlıq. Watan (arabsha «Vatan»-ana jurt)-bul insan hám onıń ata-babalarınıń kindik qanı tamǵan muhaddes dárgayı bolǵanlıqtan onı húrmetlew kámil insan pazıyleti.

Ótken keńes húkimeti dáwirinde Watan-ana degen túsinik burmalanıp, adamdı hár kimniń tuwǵan jerine kewilsizligine tárbiyaladı. Bul haqqında Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Ózbekistan qaharmanı I.Юsupov bılay dep kórsetti.

«Watan qayda!»-Watan saǵan, bilip qoy,
Moynaq penen Muz teńizdiń arası,
Sol aralıq bári seniń Watanıń»
«Al mınaw she qaraqalpaq dalası,
Onı mázi «tuwǵan jer» dep jırlaysań,
Solay etseń, sen milletshil bolmaysań».

Watan-adamnıń súyenishi, maqtanıshı, ana kibi panası. Sonlıqtanda biz onı anaǵa teńep Ana Watan deymiz, hám ana kibi ázizleymiz.

Watan adamǵa dúnyanıń jarıǵın baǵıshlaydı, onı joqtan bar etedi. Ol adam ushın onıń óziniń eli, ásirler boyı ómir keshirip, jáne solay bolıp qalıwı ushın janın pidá etip gúresip atırǵan keń paytaxt jeri, jasap turǵan úlkesi ǵana emes,

tuwǵan shańaraǵı, ata-ana, bala-shaǵası, yarı-qostarı, aǵayın-tuwǵanları, qurbı-qurdasları, zamanlasları. Solar menen birge dúnyada kóretuǵın qızıǵı menen baxıtı, ólgennen keyinde urpaqlarına ruwxıy yad bolıp jatatuǵın torqalı topıraǵı.

Áyyemgi zaman oyshılı, hámmege belgili sheshen Ciceron «Súyispenshilik tuwralı barlıq túsiniklerimiz «Watan» degen bir ǵana sózge birikken» dese, ullı shayır Shiller «Watannan súykimli hesh nárse bolıwı múmkin emes» dep keltiredi. Al, belgili Venger shayırı Sh.Patefi «Ómir men ushın bárinen qımbat, muhabbat ómirden de artıq, biraq elimniń erkinligi hám azatlıǵı ushın kerek bolsa ekewinde qurban etiwge turaman» dep tujırımlaǵan. Hádisi sharifte aytılǵanınday, «Watandı súymek iymannandur». Al «Ata mákan», «Ana jurtım», «Kindik qanım tamǵan jer» dep emireniw hár bir insannıń itiqatı.

Watannıń haqıyqıy perzenti bolıw-kamillik pazıylet. Ózin Watan perzenti dep esaplaǵan hár bir insan onıń ekonomikalıq, ruwxıy baylıqların asırap abaylaw, jáne de kóbeyttiriw, Watan qúdiretin bekkemlew, onıń xalıqlar arasında abıroy-itibarın asırıw isine múnásip úlesin qosadı.

Xalqımızdaǵı hadal perzent «Watan ushın jan beriwi múmkin» degen ibaranı boyına sińirgen insan Watan ushın otqa túsedi. Biziń xalqıqlarımızdıń ata-mákanın ardaqlaw sezimi júdá tereń. Olar ushın tuwǵan jerdi qásiyet tutıw qanǵa sińgen minez, ázelgi dástúr. Bul biziń janımızǵa hám tánimizge ana súti menen taraǵan, ana tili menen kirgen. Sonlıqtanda «Er tuwǵan jerine, iyt toyǵan jerine», «Jat elde sultan bolǵansha, óz elinde ultan bol» degen naqıllar tek biziń xalıqlarımızdıń kewil-kúyine, dúnya tanımına tán.

«Giyne qılıp, eldi taslap ketkennen,<br>
Qádirin bilmes elge xızmet etkennen,<br>
Jat jurtlarda músápirlik shekkennen<br>
Urıp-soǵıp qorlasada el jaqsı»- degen Ájiniyaz babamızdıń sózi kámillikke shaqırıw belgisi.

Qanday jaǵday bolsa da, qanday jetispewshilik, kemshilik bolsa da Watandı jamanlaw tuwǵan ananı jamanlaw menen barabar. Eger elde qansha kemshilik bolsa, ol Watannıń emes, al perzentleriniń kemshiligi, al onı dúzetiw, onı jaqsılaw Watan aldındaǵı hámmeniń wazıypası hám kámillik belgisi.

Watandı sheksiz súyiw, onı pútkilley súyiw, ondaǵı barlıq jaǵdaylar menen, jetiskenlikleri, kemshilikleri menen qosa súyiw-kámillikke talpınıw. Jiyrenshe sheshen «Óz úyim óleń tósegim» dese, Ájiniyaz «Qurbaqa búlbilim, jekenim baǵım» dep, óz Watanına ájayıp joqarı baha bergen. Watandı sheksiz súyiw, ardaqlaw menen qosa onı jawlarınan jan ayamay qorǵaw hár bir perzenttiń minneti hám parızı. Tuwǵan anasın basqanıń zorlıq-zombılıǵınan qorǵamaǵan balanı perzentim demegen sıyaqlı Watandı qorǵawǵa talpınbaǵan balanı da perzentim dewge bolmaydı:

Kim shappasa tuwǵan eldiń arına,
Nayza sugıw kerek onıń qarnına,
Qosılmay-aq qoysın adam sanına,
Olardıń barınan joǵı jaqsıraq (Berdaq).

Demek, Watandı sájdagah kibi muqaddes sanaw, watandı hár qanday dushpanlardan qorǵaw, millet, xalıq azatlıǵı jolında kerek bolsa janın pidá qılıw, hadal hám pidákerlik miynettiń tiykarında eldiń sociallıq, ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına úles qosıw, Watannıń tariyxı, tili ádebiyatı, isskustvosı, dini, mádeniyatın, ata-baba miyrasların jetik biliw hám olardı xalıqaralıq ortalıqqa kórsetiwge belsene qatnasıw, mámleket nıshanlarınıń áhmiyetin jetik biliw hám olar menen maqtanıw barkamal áwladtıń wazıypası.

Kámil insannıń ekenshi belgisi insanparwarlıq. Insanpárwarlıq-bul biziń xalqımızdıń milliy pazıyletleriniń biri. Ol-insanlardıń insanlarǵa bolǵan mehir-muhabbatı, qayır saqawatlılıǵı, basqa awır kún túskende dártke sherikligi sıyaqlı adamnıń insanıylıq kelbetiniń ólshemi.

Insanpárwar adam óz tuwısqanlarına, basqada jaqınlarına miyrimli, olardıń halınan mudamı xabardar, hár dayım xalıq xızmetine tayar Watan súyiwshi insan sanaladı.

Insannıń insanlıǵı, birinshi gezekte, onıń ruwxıy-ádeplilik tárepten bárkamallılıǵı, pákligi menen belgilenedi. Watannıń ullı keleshegi hám ǵárezsizligi haqqında oylaw, xalqı, jurtınıń qádir-qımbatın, ar-namısın hám onı qorǵawı, pútkil miynetin, imkaniyatın, kerek bolsa janında jurt abadanshılıǵı ushın, xalıq baxtı ushın qurban etiw kámillik belgisi.

## 1.2. Islam ruwxıyatı hám shaxs

«Islam» ataması Allanıń óz erki arqalı málim etilgen «itaat hám boysınıw», «Allaǵa ózin baǵısh etiw» degendi ańlatadı.

Islamǵa shekemgi barlıq dinler bir qáwimge, bir milletke yaki belgili bir territoriyaǵa tiyisli bolsa, Islam Allatalla tárepinen jer júzindegi barlıq adamzatqa jiberilgen aqırǵı dinidur. Búgingi kúnde 172 mámlekettiń, 1,3 milliard xalqı islamǵa isenedi.

Insannıń eń birinshi dini Allanıń birligine iseniwden ibarat edi. Onı Allataala adamlar arasınan tańlaǵan payǵambarları arqalı jetkizgen. Ótken barlıq payǵambarlar úyretkene din mánis mazmunı jaǵınan musılmanlıqtan basqa hádiyse emes. Allanıń hámme ushın dini birew – tek Allaǵa ǵana isenim – itoatdan ibarat bolǵan islam dini – musılmanshılıq.

Islam dini tómendegiler tuwralı tálim beredi:

- barlıq dinler dáslepki gezde mánis - mazmunına qaray bir din bolıp kelgen bolsa da, olardıń sháriyatlarında, yaǵnıy nızam bolıp kelgen bolsa da, olardıń sháriyatlarında, yaǵnıy nızam qaǵıydalarında ibadat etiw jollarında qayshılıqlar bolǵan.

Allatala islamdı kamalǵa jetkizip, onı pútkil adamzatqa bir sháriyat qılıp túsirdi. Sol sebepli dáslepki dinler dep sháriyatlar biykar qılındı. Basqa dindegilerdiń islamnıń túp mánisin tolıq, tereń úyrenip, iyelegeninen keyin, Islam dini pútkil jer júzinde birden bir din bolıp qalıwı sózsiz delinedi ilahiyatta;

-Muhammed alayhissalam payǵambarlıǵı menen áwelgi payǵambarlardıń táliymatlarınıń kópshiligi biykar bolsa da Muhammed alayhissalamǵa ergen adamlar barlıq payǵambarlarǵa ergen boladı;

- Allanıń bazı payǵambarlarına isenip, bazılarına isenbegen adam haqıyqıy kápir dep esaplanadı.

Islamda dinge kiriw ushın zorlaw. májbúrlew joq, tek oǵan shaqırıladı. Islam butqa sıyınıwdı qadaǵan etip, insanlarǵa insanlıqtı, ullılıqtı, tábiyiy erkinlikti qaytarıp beredi. Adamlar tek Allanıń aldında ǵana qul, basqalar aldında erkin, Alladan basqa hesh kimnen, hesh nárseden qorıqpawǵa, Alladan basqa hesh kimge, hesh nársege sıyınbawǵa shaqıradı.

Muhammed payǵambar óz hádislerinde islam dinin ańsatlastırıp yaki qıyınlastırıp, insanlarǵa málel keltiretuǵın qılmań. Islamdı úgit-násiyatlawda qattılıq kórsetpeń, úlgi kórsetiń, hesh kimniń diline azar bermeń dep qayta-qayta talap etken. «Bul din júdá bekkem dindur, onda ortashalıq hám jumsaqlıq penen bara berińler», «Din násiyhatlardan ibaratdur», «Ibadattıń eń jaqsısı jeńilidur» dep tapsırǵan.

Sháriyat islamıy turmıs tárizin tártipke salıwshı nızam-qaǵıydalar, diniy huqıqıy nızamshılıq sisteması bolıp tabıladı. Onda huqıq máselelerinen tısqarı ádep-ikramlılıq normaları hám diniy talaplarǵa nızam túsi berilgen. Sháriyatqa 1) Quranı Kárim 2) Hádisler 3) qıyas 4) ijmó tiykar etip alınǵan. Sháriyat XI-XII ásirlerde tolıq qáliplesip bolgan. Sháriyat dindarlar turmısınıń barlıq tarawın, hátte januyalıq turmıstı, turmıstaǵı mayda shúyde mashqalalardı, úrp-ádetlerdi de óz ishine alǵan. Sháriyatta mámleket huqıqı normaları, májbúriyat, miyras, sud júrgiziw, vasiylik kórsetpeleri berilgen. Sháriyat jeke menshikti Allataala tárepinen belgilengen, mudamı, ózgermes hám muqaddes dep esaplaǵan.

Islamda adamlardıń bazıları kápir, shirk, murtad, munapıq, asıy dep tabılıp bılay xarakterlenedi.

Kápir iymannıń jeti tiykarınıń barlıǵın yaki birewin inkar etkenler bolıp tabıladı. Olar úsh túrli boladı:

- Dilinde de, tilinde de óziniń kápirligin ashıq aytıwshı, jeti iyman tiykarın tán almawshılar, iymansızlar. Olar haqıyqıy kápirler

- Allanıń birligin, Muhammed alayhissalamnıń onıń payǵambarı ekenligin jaqsı bile tura, arzımaǵan sebeplerdi kórsetip, qaysarlıq qılıp, iyman keltirmegenler

- Hukimiy kúpir, yaǵnıy haqıyqıy bolmaǵan kúshlerdi, aytayıq, bazı bir sháriyatqa qılap islerdi islep qoyıw yaki kúpir sózlerdi bilip-bilmey aytıw sebepli kúpirlik etiw. Olardı kápirler dep aytıp bolmaydı. Bundaylar ushırap qalsa, olardı táwbege keliwge shaqıradı.

2. Shirk (sherik sózi menen túbirles) Alla birligin tán almaǵan, onıń sherigi bar dep bilgen Adam oǵan shirk keltirgen boladı. Bul Allataaala keshirmeytuǵın eń awır gúna. Bunday adamlardı múshrik yaǵnıy, Alladan basqaǵa sıyınıwshılar dep ataydı.

3. Murtad óz dininen waz keshiwshi adamlar

4. Munapıq dilinde iymanı joq, lekin janın hám malın saqlap qalıw ushın satqınlıq, qıyanet ushın yaki basqa bir ózine málim maqsetler ushın, musılmanlar qatarına qosılǵan, tilinde iymandı aytısıp, dilindegi kúpirin jasırıp júriwshi eki júzliler.

5. Asıy (gúnakar) dilinde de, tilinde de iymanı bar, biraq din hám sháriyatqa qarsı háreket islegen adam.

Islam dininiń ideologiyalıq aǵımların parıqlawshı tiykarlar hám olar negizinde bólinetuǵın aǵımlar tómendegilerden ibarat.

Islam fundamentalizmi. Onıń tiykarǵı sisteması, kóz-qarasları islamnıń fundamental printsipleri hár qanday sociallıq dúzilisten parıq qılatuǵın tek «Islam rawajlanıw jolın» belgilep beredi dep esaplawshılar. Olar usı fundamental printsiplerdi qayta tiklew hám olarǵa ámel qılıw tárepdarları. islam modernistlerine qarama-qarsılar. Olar usı printsiplerdi házirgi zaman talaplarına say qayta ózgertiw múmkin emes dep esaplaydı. Olar traditsionalistler kibi din hám siyasattı bir dep túsinedi, biraq olardan parıqlı túrde islam menen millet máplerin bir yaki kútá jaqın dep esaplaydı.

Islam traditsionalizmi. Olar Orta ásir diniy aqidaların izshil ámelge asırıp, dindi hár qanday reformalawǵa  qarsı shıqqan. Olardıń pikirinshe, dinde «ijdixat» esikleri jabıqdur». Olar milliy sana tarawında islamdı milletke qarsı qoyadı, yaǵnıy musılmanlar milletlerinen qatiy názer jámiyette islam  aqidaların sózsiz ámel  qılıwı kerek,  bunda úmmetlerdiń barlıǵı teń.

Diniy ekstremizm hám fundamentalizm –belgili bir diniy konfessiya hám shólkemlerdegi fanatik elementlerdiń iskerligindegi ideologiya. Fanatizm óz aqidasınıń shák-shubhasız tuwrılıǵına isenip, basqa partiya hám mazhablardı pútkilley biykar  etip, olardı tán almaw, bálki  olardıń diniy tiykarların buzıwda ayıplap, olarǵa  qarsı gúres,  urıs ashıwǵa  shaqıratuǵın psixologiya bolıp ol diniy ekstremizm  hám terrorizmge  negiz  tayarlaydı.

Islam modernizmi házirgi zaman sharayatlarına beyimlestiriw. Bul tar mánisinde Islamnıń diniy hám sociallıq táliymatın jańasha, zaman sháriyatlarına muwapıqlastırıw. Islam dinin siyasiy, huqıqıy, sociallıq máselelerdi sheshiwi lazım bolǵan mashqalalarǵa muwapıq tiyisli aqidaların jańasha túsindiriw, xojalıq turmısın tártipke salıw hám islam printsipleri tiykarında rawajlanıwdıń jańa modelleri hám jolların islep shıǵıw maksetin gózleydi.

Keń mániste házirgi sociallıq turmıs hám ilimiy texnikalıq rawajlanıwdıń talaplarına islam táliymatların beyimlestiriw háreketinen ibarat. Islam modernizmi dinde «Ijtiqad esikleri ashıqdur» degen printsipke ámel qıladı.

Ijtiqad (arabsha umtılıw, ǵayrat salıw) diniy hám huqıqıy máseleler boyınsha jańa pikir júritiw printsipi.

Dáslepki dáwirlerde oy iyeleri itiqat hám aqıl awhalı sunnaǵa tuwrı kelmeytuǵın pikirlerdi kóriw hám olarǵa sunna arqalı juwap beriwdi maqset qılǵan. Al, islamnıń rawajlanıw dáwirinde bul máselege sunnadan dálil keltiriw jetkiliksiz bolıp qaldı. Sebebi oǵan, qosımsha pikirlerge aqılıy dáliyl keltiriw kerek edi. Ásirese mutaziyler ózleriniń logikalıq – filosofiyalıq sıpatlaw usılları menen islam kóleminde  erkin  oylılıqtıń kelip  shıǵıwına  tiykar saldı. Bunıń

tiykarında filosofiyalıq sistema qáliplesti. Nátiyjede islamnıń kalammulasına birinshi mártebe tiykarlanıp ál Ashiriy hám ál Matrudiy mektepleri dúnyáǵa keldi.

Ashiriya kalamı tiykarınan shofiyler arasında tarqaldı. Al Matrudiy kalamı Xanafiya kóleminde tárepdarlarǵa iye bolǵan. Maverennaxr musılmanlarınıń aqidasına aynaldı.

Ál Matrudiy (870-944) Samarqand rayonında Matrud awılında tuwılǵan. Sol dáwirde islamdaǵı itiqat máselesinde kóplegen pikirler, túrli kóz qaraslar musılmanlardı hár qıylı jollarǵa baslaǵan edi.

Islam ilahiyatında usı kóz-qaraslardı tártipke salıw islam ulamaları Ábiw Xasan ál Ashariy hám Matrudiylerdiń payına tiyisli bolıp, olar barlıq qayshılıqlardı pútkilley toqtattı. Bul Islam dini ideologiyasın dúziwde úlken xızmet boldı.

Matrudiy ilahiyat ilimlerin tiriltiw menen onı qáliplestirip, ornına qoydı, olardı qayta islep sistemaǵa saldı, yaǵnıy, islam filosofiyasın islep shıqtı. Ol jaratqan táliymat islam dininiń ullı aqidalıq aǵımlarınıń biri sıpatında islam álemine tanıldı. Ol islam ilaxiyattanıwı haqqında onnan artıq iri shıǵarmalar jazdı. Olardan ayrıqsha ekewi «Kitab at Tavhid» hám «Távilot axl as-Sunnai» (Quran távili) islam áleminde teńi joq shıǵarmalar bolıp esaplanadı. Ol Allanı aqıl menen tanıw, iyman hám islamnıń bir nárse ekenin, jaqsı hám jaman háreketler bendeniń isi hám Allanıń jaratılıwı menen hasıl bolatuǵınlıǵı, iymannıń tiykarı ıqrar hám taqiqtan ibarat ekenin, ámeller iymannıń quramına kiretuǵınlıǵın, ol jerde sawaplar hám gúnalardıń ayrıqsha esapqa alınatuǵınlıǵın dáliyllegen.

XI-XII ásirde ilahiyat logikalıq oylawǵa tayanıw nátiyjesinde haqıyqattı ańlap jetiwdiń túrli parallel` jónelisleri qáliplese basladı. Ol dáwirdiń eń kórnekli ilahiyatshıları Imam Ábiw Hamid al Ǵazzaliy (1058-1111) hám oyshıl shayır, alım Omar Hayyam boldı.

Islam aǵartıwshılıǵı dáwiriniń eń ullı ulaması Imam ál Ǵazzaliy haqqında onıń shákirtleri «Eger Muhamedten keyin payǵambar bolıw múmkin bolǵanda, álbette Ǵazzaliy bolar edi» degen teńewleri orınsız emes. Usı muhtaram zat islam álemi mánawiyatın ózinen aldaǵı bes ásirlik bekkemleniwin óz shıǵarmalarında tereń juwmaqlap, jańa baǵdarlardı belgilep bergen ustazdur»[20] deydi belgili filosof M.Imamnazarov.

Islam ruwxıyatında shaxstı tárbiyalawda ál-Buxariydiń xızmeti ullı boldı. Imam ál-Buxariydiń insan sıpatları haqqında kóz-qaraslarında nadanlıq adamǵa ólim keltiriwshi apat dep qaralanadı. Ol adamlardı tuwrı sózli bolıwǵa, wádede turıwǵa úyretedi. Eki júzli adamnıń úsh belgisi bolıwın kórsetedi, olar: ótirik sóylew, wádege opa qılmaslıq hám amanatqa qıyanet etiwden ibarat ekenligin aytadı. Ol adamlardı, ásirese mómin musılman adamdı qapa etiwdi gúna, onıń menen urısıwdı kápirlik dep biledi. Ol insannıń kúsh-qúdireti fizikalıq jaqtan kúshlilikte emes, bálki ashıwı kelgende onı tıya biliwde dep esaplaǵan. Onıń aytıwınsha, bálent dawıs penen orınsız kúliw basqalar qálbine azar beriwshi qásiyet. Xalıqqa jaǵımlı hám húrmetli bolıp, onıń muhabbatına sazawar bolıwdı gózzal ádeplilik dep biledi alım.

Ullı oyshıl shańaraq ortalıǵınıń turaqlılıǵı, tınısh shańaraq aǵzalarınıń saw-salamat, toq bolıwın qáleydi. Ol óz miynetlerinde kishilerge izzette, úlkenlerge húrmette bolıw zárúrligin ayrıqsha belgileydi Onıń «Al-adab al-mufrad» miynetin ulıwmainsaniy ádep qádiriyatlarınıń dúrdanası dep ataydı.

Alım at-Termiziy Termizge jaqın jerdegi Buǵ awılında dúńyaǵa kelgen. Basqa hádisshi alımlar sıyaqlı at-Termiziy de jaslıq dáwirinen hádis oqıwǵa kirisip, hádislerdi toplay baslaǵan hám bul iste húrmetke erisken.

Imam at-Termiziydiń «Sunan» kitabında aytılǵan hádislerde adamnıń sociallıq sıpatlarına baylanıslı pikirler kóp ushıraydı. Mısalı: «Qayırlı hám jaqsı

[20] М.Имамназаров, М.Алимухаммедов «Миллий манаўият асослари» Т. «Ислам университети» Тошкент 2001.146-б.

isler qılıwǵa úyretiw hám zulımnan qaytarıw - seniń sadaqań», «Hátte kambaǵallarǵa ashıq kewilde bolıwıń da – seniń sadaqań», «Jerdegi kesent etiwshi bir tas, tikenek yaki súyekti shetke alıp taslaw da – sadaqa», «Óz ıdısıńnan basqalardıń ıdısına suw quyıp beriwińde sadaqań esaplanadı».

Salamat adamda saw pikir boladı, degen xalıq maqalına ámel qılıp, alım jaslıqtan-aq den-sawlıqqa qarawdı, waqıttı biykarǵa ótkermewdi aytadı: «Eki nárse bar, kópshilik olardıń qádirine jetpeydi: biri den-sawlıq, ekinshisi bos waqıt» deydi.

Imam at-Termiziy toplaǵan hádisler arasında insan kamalatına baǵıshlanǵan hádisler jetekshi orın tutadı. Sonday-aq: «Shın sabır-taqatlı dep musılman adamnıń músiybet júz bergende shıdamlılıǵı aytıladı», «Marhumlardıń tek jaqsı sıpat hám qılwalarınan sóylegil. Ólgen adam haqqında jaman sózler aytılmasın», «Haqıyqıy mómin dep xosh minez hám hayalǵa degen xosh mámile adamǵa aytıladı».

Termiziy toplaǵan hádisler arasında adamlardı awızbirshilikte bolıwǵa, jámááge payda keltiriwge, doslıq hám biradarlıqqa shaqırıwshı hádisler kóplep ushıraydı. «Bárshe musılmanlar óz-ara biradardur. Olar hesh qashan bir-birlerine jamanlıqtı rawa kórmeslikleri kerek. Kimde-kim óziniń musılman biradarına járdem qılsa, aqırette Alla oǵan járdem qıladı. Kimde-kim óz biradarı qájetin jeńilletse, Alla hám onıń aqıretin jeńil qıladı».

Imam at-Termiziy mudamı ilim-pándi úyreniwdi, múlayımlıq hám halimlikti hámmege rawa kórer edi.

Arab xalifalıǵında júz bergen sociallıq hám siyasiy ózgerisler, ásirese islam dininiń ruwxıy hám mádeniy turmısqa da tásir etiwi menen birge, Islam dininiń aǵartıwshılıǵına bolǵan múnásibet islam dúńyasında, sonday-aq Orta Aziyada da úlken kóterińkilik ruwxın payda etti.

Bul protsess IX ásirden baslanıp, XV-XVI ásirge deyin dawam etti. Bul dáwirde ilim-pán rawajlanıwı úsh baǵdarda boldı. Birinshi baǵdar – matematika

hám meditsina baǵdarı bolıp, oǵan matematika, astronomiya, ximiya, geodeziya, mineralogiya, meditsina, farmakalogiya hám basqa soǵan uqsas pánler kirip, Muhammed Musa ál Xorezmiy, Ahmed Ferǵaniyler matematikaǵa baylanıslı, Zakariyo ar-Roziy hám Ibn Sino ximiya hám meditsinaǵa, Jurjoniy meditsina hám filosofiyaǵa, Ábiw Rayxan Beruniy tábiyatqa baylanıslı úlken shıǵarmalar dóretti. Ekinshi baǵdar – social-filosofiyalıq baǵdar, bunda filosofiya, tariyx, logika, fiqh, psixologiya hám taǵı basqa soǵan uqsas pánler bolıp, bunda qomusiy alımlar Farabiy, al-Kindiy, Ibn Sino, Zahiriddin Bayhaqıy, Muhammed Narshaxiy hám basqalar xızmet kórsetken.

Úshinshi baǵdar – insan kamalatı jolındaǵı tálim-tárbiya baǵdarı bolıp, bul tarawda qomusiy alımlar kámil insan haqqındaǵı kóz-karasların sociallıq-filosofiyalıq hám ilimiy miynetler quramında yaki axlaqıy miynetlerinde bayan etken. Bizge málim bul dáwirlerde insan mashqalası mánawiyat tarawında tiykarǵı másele bolǵan. Sonıń ushın da adam kamalatı máselelerine úlken itibar berilgen.

Bul dáwirdiń ullı oyshıl alımlarınıń biri Muhammed ibn Musa Xorezmiy bolıp esaplanadı. Ol tiykarınan matematika tarawında jańalıq jaratqan teoretik hámde aǵartıwshı alım sıpatında tariyxta belgili.

Ál-Xorezmiy tálimde talabanıń shaxsiy baqlawlarına hámde alǵan bilimlerinen ámelde paydalanıwǵa úlken itibar bergen.

Ál-Xorezmiy biliw teoriyasına úlken úles qostı. Ol birinshilerden bolıp baqlaw hám sınaw usıllarına tiykar saldı, aspan deneleriniń háreketin sáwlelendiriwshi keste tiykarında matematikalıq máselelerdi algoritm usılında sheshiwdi islep shıqtı.

Orta ásir sociallıq-filosofiyalıq oyınıń rawajlanıwı alım Ábiw Nasır Farabiy atı menen baylanıslı bolıp, onıń insan kamalatı haqqındaǵı táliymatı úlken áhmiyetke iye. Belgili grek filosofı Aristotelden keyin Shıǵısta óz bilimi, pikir

sheńberiniń keńligi menen atı shıqqan Farabiydi «muallim us-soniy» («ekinshi muǵallim») dep ataydı.

Farabiydiń «Pazıl adamlar qalası», «Baxıt-saadatqa erisiw haqqında», «Ixso al-ulum», «Ilimlerdiń kelip shıǵıwı haqqında» sıyaqlı miynetlerinde kámil insan tuwralı kóz-karasları óz kórinisin tapqan.

Farabiy kámilliktiń tiykarǵı ólshemi, jámiyet talaplarına juwap bere alatuǵın hám sol jámiyet ushın xızmet etetuǵın jetik insannıń tiykarǵı sıpatların islep shıqqan.

Insanǵa eki qásiyet tiyisli, deydi alım. Biri tábiyattan berilgen qásiyetler, ekinshisi onıń óz qálewi, tálim hám tárbiya arqalı arttırılǵan qásiyetleri bolıp esaplanadı. Aǵartıwshılıq - tárbiyalanıwshınıń tilek hám kúshin kerekli baǵdarda basqarıw óneri. Insannıń eń joqarı qásiyeti onıń baxıtqa eriskenligi. Baxıtqa bolsa, deydi alım, tek paydalı bilimlerdi ózinde jámlew arqalı erisiw múmkin. Sebebi, insan qálbi ráhátiniń eń joqarı shoqqısı – bilim alıw protsesi.

Farabiy barlıq adamlardıń joqarı baxıt iyesi bolıwın qálep, olarǵa tınbay bilim iyelew kerekligin aytadı. Kóp bilimge iye bolǵan adam ǵana óz maqsetin tuwrı tańlay aladı, deydi alım. Onıń pikirinshe, haqıyqat hám jaqsılıq bir-birine uqsas. Bilim alıw arqalı adam haqıyqattı ańlasa, ádepli adam jaqsılıqtı bile aladı hám onı qıla aladı, deydi.

Insannıń derlik barlıq sociallıq sıpatları deydi Farabiy, sırtqı socialıq ortalıq tásirinde qáliplesedi hám rawajlanadı. Sonıń ushın insannıń insaniy sıpatların qáliplestiriwde maqsetke baǵdarlanǵan tálim hám tárbiya hámde onı tárbiyalanıwshınıń erkin tanlawı jetekshi orın iyeleydi.

Entsiklopedist alım Ábiw Rayxan Muhammed ibn Ahmed Beruniy X ásirdiń ekinshi yarımı hám XI ásirdiń baslarında - júdá qıyın tariyxıy dáwirde jasap, dóretiwshilik islerin alıp barǵan.

Alım bilim alıwshılarǵa qálbin jaman illetlerden, qatıp qalǵan úrp-ádetlerden, básekelesiwden, ashkózlik hám abıroysızlıqtan saqlawı zárúrligin úyretedi.

Ol barlıq illetlerdiń tiykarǵı sebebi bilimsizlikte, dep bilgen. Bilimlerdi iyelewde bolsa adamnıń bilimge umtılıwı, qızıǵıwı hám sociallıq ortalıqtıń ornın ayrıqsha aytıp ótedi.

Bilim alıwda túsinip úyreniwdi, úyreniwden ruwxıy páklikke ámel qılıwdı itibarǵa alǵan. Beruniydiń pikirinshe, ádeplilik insannıń eń tiykarǵı sıpatı bolıwı kerek. Bul qásiyet birden payda bolmay, ol adamlardıń óz-ara sáwbeti dawamında málim bir sociallıq ortalıqta payda boladı.

Ullı oyshıl insan kamalatında miynettiń áhmiyeti haqqında pikirlerdi bayan etedi. Ol hár bir óner iyesin miynetine qarap túrlerge bóledi. Awır miynet sıpatına kómir qazıwshı, ónerment hám ilim-pán iyeleri miynetin aytadı. Ásirese, ilim úyreniwshi – alımlar miynetine ayrıqsha itibar beriw, olarǵa záberdes bolıwǵa shaqıradı.

Shıǵısqa belgili bolǵan alımlardan biri, orta ásirdiń ullı oyshılı Ábiw Áliy Ibn Sino. Ol basqa alımlar sıyaqlı óziniń kámil insan haqqındaǵı kóz-qarasların filosofiyalıq, sociallıq pikirleri menen baylanıslı halda túsindirgen hám arnawlı miynetlerinde analizlegen.

Ábiw Áliy Ibn Sino kamalatqa erisiwdiń birinshi ólshemi bilimlikke jetisiw dep esaplaǵan. Sebebi ilim-pán tábiyat hám jámiyet nızamların ashıp, áwladlarǵa jetkizedi. Bul maqsetke erisiw ushın insan qıyınshılıqlardan qorqpaslıq kerek deydi. «Áy biradarlar! Adamlardıń batırı qıyınshılılıqtan qorıqpaydı. Kamalattan bas tartqan adam eń qorqaq». Bilimli adam kúshli, ólimnen de qorıqpaytuǵın, tek haqıyqattı biliw ushın háreket etetuǵın boladı, deydi pikirin dawam ettirip.

Ol insannın qáliplesiwinde onıń átirapın orap alǵan sociallıq ortalıq ayrıqsha rol oynaytuǵının, áne sol ortalıq insannıń átirap dúńyanı biliwin ǵana

emes, bálki onıń minez-qulqında jaqsı yaki jaman táreplerdiń payda bolıwı hám tásir etiwin, sonıń ushın da balalardı tárbiyalawda abaylı bolıw, olardı jaman sociallıq ortalıqtan uzaǵıraq saqlaw zárúrligin aytadı. Insan kamalatında aqılıy, ádep-ikramlılıq tárbiya menen bir qatarda fizikalıq tárbiyanıń áhmiyetin de teoriyalıq hám ámeliy jaqtan sıpatlaydı. Oǵan shekem insannıń kamalǵa jetisiwinde fizikalıq tárbiyanıń tásiri haqqında táliymat jaratılmaǵan edi.

Xalqımızdıń kámil insan haqqındaǵı kóz-qarasları, minez-qulqına baylanıslı qásiyetleri XI ásirde jasap ótken alım, oyshıl Mahmud Qashǵariydiń «Devonu luǵat at túrk» miynetinde keń bayan etilgen. Bul miynette bilim alıwdıń qádiri, alımlardı húrmet qılıw, miymandoslıq, xosh kewillik, mártlik hám batırlıqtı jırlawshı qosıqlar kóp ushıraydı. Bunday qosıqlar bolsa túrkiy xalıqlardıń áyyemnen-aq insan shaxsın qáliplestiriwge úlken itibar bergenligin kórsetedi.

«Devonu luǵat túrk» degi naqıl-maqallarda doslıq, miynetke muhabbat, ilim alıw hám kásip-óner iyelewge úndew, watanparwarlıq haqqında, ısırapkershilikke jol qoymaw, ádalat hám ádalatsızlıq, jaqsılıq hám jamanlıqtıń aqıbetleri, minez-qulıq-ádebi qaǵıydaları, saw-salamatlıqqa baylanıslı úgit-násiyatlar sóz etiledi.

Yusup Xas Hajib XI ásirdiń jetik oyshılı, tereń bilimli, danıshpan adamı. Onıń «Qutadǵu bilig» («Baxıtqa baslawshı bilim») shıǵarması tálim-tárbiyaǵa baylanıslı, kámil insandı hár tárepleme tárbiyalaytuǵın joqarı dárejedegi jumıs boldı.

Shıǵarmada alǵa qoyılǵan ádeplilik sezimler insanıylıq, rasgóylik, tuwrılıq, mehir-muhabbat, opadarlıq, mehir-shápáát, múriwbet, insap, ádalat, isenim, sadaqat, shiyrinsózlik, qayır-saqawat, mártlik, húrmet, isbilermenlik, aqıl-zakawat, hadallıq sıyaqlı jaqsı qásiyetler qádirlenedi.

Belgili oyshıl Qayqawıstıń «Qabusnama» shıǵarması bir neshe ásirlerden beri xalıqlardı, ásirese jaslardı turmısqa, ámeliy iskerlikke tayarlawda, olardı hár

tárepleme jetik insan etip tayarlawda áhmiyetli qollanba bolıp kelmekte. Ol Shıǵıs aǵartıwshılıq pikiriniń rawajlanıwında, kámil insandı qáliplestiriwde áhmiyetli orın iyeleydi. Tómende «Qabusnama»dan kishi bir úzindi keltiremiz:

«Aqılsız adamlar menen hárgiz dos bolma. Aqılsız dos aqıllı dushpannan jamanıraq, sebebi aqılsız dos sonday is qılar, aqıllı dushpan onı qıla almas… Miriwbetli, ilimli hám opalı adamlardı dos tut, sende sol pazıyletler menen jánede abıraylı bolǵaysań.

Ilimdi dos tut, biykarshı turmıstı dushpan tut, kesh jat hám erte tur, kitap hám sabaqqa berilgen bol, isten ǵamlı bolma, yadla, tákirarla, kitap, qálem hám taǵı basqa nárselerdi mudamı janıńda saqla, bulardan basqanı yadıńa keltirme. Az sóyle hám uzaqtı oyla».

Avtor adamlardıń qásiyetin úshke bóledi: biri aqıl, ekinshisi rasgóylik, hám úshinshisi mártlik. Mártlik tiykarın Qayqawıs úsh nársede dep biledi. Birinshisi – aytqan sózdiń ústinen shıǵıw, ekinshisi – ras sózge qılaplıq qılmaslıq, úshinshisi-qayırlı isti itibarda tutıw.

Qayqawıs mártlik jolın tańlaǵan jaslarǵa ózin úsh nárseden: kózdi jaman nárseden, qoldı jaman isten, tildi jaman sózden saqlawdı aytadı.

«Bilgil, aqıl bir maldurki, onı urı alalmas, ol otta janbas, suwda aqpas» degen ibara da Qayqawısqa tiyisli.

Qayqawıstıń «Qabusnama»sı XI ásirde jazılǵan úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye shıǵarma. Bunda usı dáwirge baylanıslı hár bir jastıń iyelewi zárúr bolǵan aqılıy, ádep-ikramlılıq, fizikalıq tárbiya menen baylanıslı: atta júriw, mergenlik, suwda júziw, áskeriy shınıǵıwlar, kórkemlep oqıw, qosıq jazıw, muzıka bilimin iyelew, shaxmat, nardı oyınların biliw sıyaqlılar óz kórinisin tapqan.

Qayqawıstıń úlken xızmeti sonda, ol jaslardı hár tárepleme kamalatqa jetkiziwdiń teoriyaıq máselelerin ámeliy iskerlik penen baylanıslı alıp bardı. Onıń úgitleri hesh bir zamanda óz qádirin joǵaltpadı hám ámeliy turmıs dástúri sıpatında óz ornına iye boldı.

Shıǵıstıń ullı wákili, filosof, matematik hám astronom Omar Hayyaam (1048-1123) «Bolmıs hám májbúriyat haqqında shıǵarma», «Úsh sawalǵa juwap», «Ulıwma pánniń predmeti haqqında aqıldıń nurı» sıyaqlı miynetler jaratqan.

Omar Hayyamnıń aytıwınsha, «salamat pikir, ziyrek aqıl hám ótkir zeyin insandı bárkamal etip qáliplestiredi». Sonday-aq insan joqarı ádep-ikramlılıqqa iye bolıwı, jaqınların súye biliwi lazım.

Óz dáwiriniń záberdes oyshılı hám jetik shayırı Najmaddin Qubra Xivaqiy (1145-1221jıllar) óz ruwbayılarında tiykarǵı ideya - kámil insandı tárbiyalaw, adamdı apatqa baslawshı nápsi, gúman, pasıqlıq, sıyaqlı jaman ádetlerden jıraq bolıw, tek jaqsı isler qılıwǵa, ruwxıy páklikke sharlawǵa háreket etedi.

Xorezmlik oyshıl alım Sulayman Baqırǵaniy (1186 jılda qaytıs bolǵan) ádep-ikramlıq haqqında sóylegen, insandı gózzal minez-qulıq, nápsini tıyıwǵa tárbiyalawdı názerde tutqan. Shayırdıń insanıy gózzal pazıyletlerge qaratılǵan hikmetlerin hár adam óz turmısında qollanıwı lazım.

Muslihiddin Saadiy XII ásir Shıǵıs klassik mánawiyatınıń ullılarınıń biri. Onıń «Gulistan» shıǵarması Shıǵıs tálim-tárbiya tariyxında ózine tán aǵartıwshılıq shıǵarma sıpatında tán alınǵan. Bul shıǵarma insandı kamalatqa jetelewshi hikmetlerden qurılǵan.

XIV-XV ásirlerde Samarqandda jasaǵan ullı alım Mirsayd Sharif Jurjoniy (1340-1413) logika, huqıq, filosofiya, til hám basqa pánlerge baylanıslı 50 den artıq shıǵarma jazǵan. Onıń «Bolmıs haqqında traktat», «Álemdi sáwlelendiriwshi ayna» sıyaqlı shıǵarmalarında filosofiya, logika, hám tábiyattanıwǵa baylanıslı bir qatar ilimiy hám teoriyalıq máseleler sáwlelendirilgen. Ol Shıǵıs oyshıllarınıń insan kamalatına baylanıslı izleniwlerin rawajlandırdı hám bayıttı.

### 1.3. Ruwxıylık din qatnası máselesi

Din menen ruwxıylıq bir-biri menen baylanıslı, olar bir-birin tolıqtıradı. Din ázelden-aq ruwxıylıqtıń quram bólegi bolıp, adamzattıń joqarı háwesleri bolǵan haq hám haqıyqat, insap hám ádalat tuwralı bolǵan arzıwların ózinde jámlegen kóz-qaraslardan ibarat bolǵan anıq bir sistema bolıp esaplanadı.

Din menen ruwxıylıqtı teń dep qarawǵa bolmaydı. Din ilimiy kitaplarda nazıl etilgen ayırıqsha qatań qaǵıydalardı bildiredi. Ruwxıylıqtı qattı nızam qaǵıydalar tárizinde ańlap bolmaydı. Hárbir shaxstıń ruwxıyatı ózine tán bolıp, hárbir insannıń óziniń ruwxıy álemi bar.

Demek ruwxıylıq insan qálbindegi nur. Ol tańlap alınbaydı. Ol turmıs tásirinen, biliminen, ádep-ikramlıǵınan, ilimiy teoriyalıq kóz-qarasınan, ulıwmainsaniy hám milliy qádiriyatlardan qáliplesken ishki dúnyası. Onıń qáliplesiwi ushın dúnyalıq bilimler menen birge diniy bilimler shaxstıń ádep-ikramlıǵınıń qáliplesiwinde júdá áhmiyetli orın iyeleydi.

Sonlıqtanda dindi ruwxıylıqtıń quram bólegi retinde izertlew hám onıń ruwxıyatımızda tutqan girewli ornın úyreniw áhmiyetli wazıypası.

Ǵárezsizlik sharapatı menen 1300 jıl dawamında ata-babalarımız sıyınıp kelgen islam dinine qatnasta túpten ózgere basladı. Burınǵı awqam dáwirinde pútkil Ózbekstanda barı-joǵı 80 ge jaqın meshit xızmet kórsetken bolsa, ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında-aq mıńlap jańa meshitler iske tústi. Burın bir ǵana Buxarada kishi bir medrese júdá tar diniy bilim berip kelgen bolsa, búgingi kúnde derlik barlıq wálayatlarda medreseler ashıldı. Onlap ótmishtegi diniy ulamalarımızdıń teberik atları, miyrasları qayta tiklenbekte. Maqbaraları ziyarat orınlarına aylanbaqta. Máselen, 1992-jıl 7-martta Ózbekstan Respublikası Ministrler Keńesi janında Din isleri boyınshı komitet shólkemlesirildi. 1992-jıldan baslap hár jılı mámleketimizde oraza hám qurban haytı ulıwma xalıqlıq bayram sıpatınde keń belgilenedi.

«Din adamzattı hesh qashan jaman jolǵa baslamaydı», deydi Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov. Dindi nıqap qılıp qarama-qarsılıqlar payda etiwge urınıwdıń tiykarında mudamı málim dárejede jaman niyet, ǵárezgóylik yaki nadanlıq jatadı.

Din – málim bir insanlardıń Bolmıs Haqıyqatı haqqındaǵı túsinikleri, olarǵa iseniw, usı isenimge muwapıq ámel qılıwǵa umtılıwı. Dinniń botiniy (ishki) hám zohiriy (sırtqı) tárepleri bar bolıp, ishki tárepi iyman, sırtqı tárepi ibadatlar. Iyman máselesi din hám ruwxıylıqtıń ulıwmalıq tárepi bolıp, diniy iyman ruwxıylıqtıń málim bir tárepine qatnaslı jaǵday.

«Islam» sóziniń ózi tınıshlıq, ózgege jaqsılıq tilegin bildiredi. «Assalom-u alaykum» dep bir-birewge qatnas sózin baslaymız. Bul sóz arqalı aldımızdaǵı adamǵa Allahdan tınıshlıq hám salamatlıq, ırısqı-nesiybe tileymiz. Olay bolatuǵın bolsa, el tınıshlıǵı, insanlardıń óz-ara birligi, ózgeni túsiniwge umtılıw, Allah jaratqan barlıq janzatqa mehir kózi menen qaraw - haqıyqıy islamıy qádiriyat.

Qálbti yaǵnıy kewil aynasın páklew dáslep iyman-isenimnen baslanadı. «Jaqsılıqqa sadaqatı bolmaǵan, bir nársege ıqlas qoymaǵan, isenbegen adam qorqınıshlı», dep aytadı Birinshi Prezident I.A.Karimov. Álbette, málim bir dáwirde kommunistlik ideyaǵa da isengenler bolǵan, sap hújdanlı dinsizlerde turmısta ushırawı múmkin. Biraq dinsizlik insan tariyxında ayrıqsha jaǵdaylarda kóriniwshi qubılıs. Din bolsa ásirler dawamında million-million insanlardıń isenimin qáliplestirip kelgen. Máselen, islam dini 14 ásirden beri ullı bir aymaqta insanlar oylawına tásir etip kelmekte. Marksizm sanamızǵa ata-babalar bilimin mensinbewshilikke tárbiyaladı.

Kóp ásirler dawamında xalqımız qálbinen tereń orın alıp, ómirdiń mánisin ańlaw milliy mádeniyatımız hám turmıs tárizimizdi, qádiriyatlarımızdı, úrp-ádet hám dástúrlerimizdi saqlawda muqaddes dinimiz qúdiretli faktor bolıp kiyatır. Sebebi ruwxıyattıń baslı ólshemleri insanıy mehir-aqıbet, hadallıq, jaqsılıq,

miyrim-shápáát sıyaqlı xalqımızǵa tán bolǵan paziyletler tiykarınan din menen únles paziletler.

Din - bul isenim. Isenim máselesi, álbette, ruwxıyatqa baylanıslı. Kerek bolsa, isenim ruwxıyattıń omırtqası bolıp esaplanadı. Demek, iyman-isenimsiz ruwxıyat haqqında aytıw artıqsha.

Adamnıń omırtqası zıyanlanǵan bolsa onday insan denesin tik tutıp tura almaydı. Ruwxıy álem ushın isenim de sonday bir nárse. Kommunistler alǵa ilgerilegen ideyalarǵa az ba kóp pe isengen, úmit baylaǵan dáwirde keńes húkimeti bir qansha ósti, rawajlandı. «Kommunizm» ideyaları push nárse ekeni belgili bolǵanda áste-aqırın bul sistema ishten ıdıray basladı hám aqırı oyran boldı. Sonıń ushın jalǵan ideyalarǵa isenim, oylap tabılǵan aǵımlardıń eteginen tutıw jaqsılıqqa alıp barmaydı.

Iyman bolsa ol isenim. Diniy kóz-qarastan barlıq pikirlerge isenip, til menen ıqrar bolıp, qálibten orınlanıwına iyman delinedi. Ol parızdıń birinshisi Quran hám Hádisler arqalı Allah tárepinen túsirilgen barlıq tapsırmalardıń payǵambarımız arqalı bendelerge jetkizgenine iseniw.

Dúńyalıq isenim bárkamallıqtı tolıqtıradı, bayıtadı. Dúńyalıq pazıyletler menen insan ózin bilimli etedi. Dúńyalıq isenim Respublikamızdıń ǵárezsizlik sharayatında kelip shıǵarǵan hár túrli sociallıq-ruwxıy, ekonomikalıq tarawlardı úyreniwdi zárúr dep tabadı. Insannıń ruwxıy kámillikke jetiwiniń shártli faktorı bul diniy hám dúńyalıq isenim qırları bolıp esaplanadı. Qashan biz joqarı diniy hám dúńyalıq isenimlerge iye bolǵan shaxslar menen jámiyet qursaq, sonda ol jámiyet hár tárepleme jetik hám alǵa ilgerilegen jámiyet boladı.

Joqarı ruwxıylıq insandı qáliplestiriw, isenimi kúshli insandı jetilistiriw menen baylanıslı. Ruwxıy kámillikke jetiwdiń tiykarı iyman-isenim, dinniń ruwxıylıq penen tikkeley baylanısın kórsetedi.

## II-bap. Ádeplilik bárkamallıq belgisi. Islam ádep-ikramlıǵı bárkamallıqqa umtılıw.

### 2.1. Isenim, páklik ádebi

Isenim - ruwxıyattıń ózek tamırı. Isenimsiz adamda ruwxıylıq bolmaydı, sırtqı mádeniy kórinis, hátteki bilimde bolıwı múmkin, biraq maǵızında ruwxıylıq bolmaydı.

Imam Buxariy «Al-jomea as Sahih» hám «Al Adab al Mufrad» degen miynetlerinde kóp kewilsizlikler jalǵannan payda bolatuǵınlıǵın aytıp ótedi. Hiyle, aldaw, zulım, haqsızlıq, ádalatsızlıq, isenimsizlik, dushpanlıq sıyaqlı nárselerdiń bárshesi jalǵan hámde jalǵanshılıqtan payda bolǵan isler, deydi.

Jalǵanshı adamlardı aldasa da, Allahtı alday almaydı. Sebebi, Allah adamlardıń qılǵan hár bir isin kórip turadı, biledi hám aytılǵan sózlerin esitedi.

Islam dininde bazı jaǵdaylarda ótirik sóylewge de ruxsat etiledi:

- bir-biri menen sóylespey atırǵan er menen hayaldı yáki eki musılmandı kelistiriw ushın;
- urıs waqtında dushpandı aldaw ushın;
- bir adamnıń janına, malına, dinine hám namısına zulım hám haqsızlıq penen zıyan jetkizilse, olardı qutqarıw ushın;
- kesellerge úmit hám quwat beriw ushın; payǵambarımız bir hádislerinde bılay degen: «Adamlar arasındaǵı kelispewshilikti joq etiw ushın jaqsılıq niyeti menen ótirik sóylegen adam jalǵanshı emes».

Musılman adam basqalardıń ayıpların izlemeydi. Olardıń ayıbın ol jerde - bul jerde sóylep júrmeydi. Mómin insan biradarınıń ayıpların sır saqlaydı. Payǵambarımız aytqanınday, «Kim bir musılman tuwısqanǵa járdem qılsa, Allah da ol insanǵa járdem qıladı, qaysı bir musılman óz tuwısqanınıń dártlerine dárman bolsa, Allah da qıyamet kúni onıń dártlerinen birine dárman boladı. Kim bir musılman tuwısqanınıń ayıbın jasırsa, Allah da aqırette onıń ayıbın jasıradı».

Musılman adam shıraylı hám paydalı sózlerdi sóyleydi, yaki tınıshlıq saqlaydı. Payǵambarımız bul haqqında mınaday degen: «Allahǵa hám aqıret kúnine isengen insan qayırlı hám paydalı bir sóz sóylesin yaki tınısh tursın».

Ádep-ikramlılıq nızam hám qaǵıydalar kóp. Olar insannıń turmıs táriziniń barlıq táreplerin qamırap alǵan. Ádep-ikramlılıq jaqtan tomen bolıw kóbese insanlar ortasındaǵı mehir aqıbetti joq etip, jámiyetti ıdıratadı. Demek, progessip rawajlanıwdan regressip rawajlanıwına alıp keledi. Kámilikke umtılıwshı insanlar kemeyedi. Qala berse jámiyettiń tınıshı buzılıp, turaqlılıq joq boladı.

Qaysı jámiyette ádeplili isler jolǵa qoyılsa, ol jámiyettiń abıroyı joqarı, ahwalı jaqsı boladı. Eger jámiyette hátteki bir adam ádepsiz bolsa, yaǵniy ótirikshi, jalatay, satqın, atabiyzar, enebiyzar bolsa, ol adamniń bul qásiyetlri jámiyetke tarqap, jámiyetke úlken ziyanın tiygizedi.

Hádisi sharifte aytılǵanınday «Watandı súymek iymannandur», «Ata jerim», «Ana jurtım», «Kindik qanım tamǵan jer» kibi tariyxıy túsinikler turmısta óz ornın iyelep, áhmiyetin tiklemekte. Biraq Watannıń haqıyqıy perzenti bolıw ushın onı súyiwiń, qádirlewiń hám sol menen maqtanıwdıń ózi jetpeydi. ózin Watan perzenti dep esaplaǵan hár bir insan onıń ekonomikalıq, ruwxıy baylıqların asırap abaylaw, jánede kóbeyttiriw, Watan qudiretin bekkemlew, onıń xalıqlar arasında abroy-itibarın asırıw isine múnásip úlesin qosıwı zárúr. Xalqımız «Watan ushın jan beriw múmkin» degen. ?atan ushın otqa túsken erlerin, qayırımlı xalqı, Watan-anası da umıtpay máńgi dańqqa bólegen, ózbektiń, qaraqalpaqtıń, qazaqtıń yaǵnıy bárshe millettiń ańızǵa aylanıp, dástanlarǵa arqaw bolǵan, eliniń ar-namısın qorǵaǵan, onıń abadanshılıǵı, ruwxıy rawajlanıwı ushın jan ayamaǵan ullarınıń atların máńgilik qılıp atırǵanlıǵın biz házirgi Prezidentimizdiń kóregenlik siyasatınıń tásirinde kórip atırmız. Biziń xalqıqlarımızdıń ata-mákanın ardaqlaw sezimi júdá tereń. olar ushın tuwǵan jerdi qásiyet tutıw qanǵa sińgen minez, ázelgi dástúr. Bul

biziń janımızǵa hám tánimizge ana súti menen taraǵan, ana tili menen kirgen. Sonlıqtanda «Er tuwǵan jerine, iyt toyǵan jerine», «Jat elde sultan bolǵansha, óz elinde ultan bol» degen naqıllar tek biziń xalıqlarımızdıń kewil-kúyine, dúńya biliwine tán sıyaqlı, yamasa:

«Giyne qılıp, eldi baslap ketkennen,
Qádirin bilmes elge xızmet etkennen,
Jat jerlerde músápirlik shekkennen
Urıp-soǵıp qorlasada el jaqsı»-degen Ájiniyaz babamızdıń sózi bunıń mısalı bola aladı.

Qanday jaǵday bolsada, qanday jetispewshilik, kemshilik bolsa-da Watandı jamanlaw tuwǵan ananı jamanlaw menen barabar. eger elde qansha kemshilik bolsa ol Watannıń emes, al perzentleriniń kemshiligi, al onı dúzetiw, onı jaqsılaw Watan aldındaǵı hámmeniń parızı hám qarızı.

Watanǵa muhabbat-watansúyiwshiliktiń baslı nátiyjesidur. Watandı júrekten qásterlew hám súyiw kerek. Bunıń ushın den-sawlıqlı, aqıllı hám ot júrek bolmaq lazım. Watandı sheksiz súyiw, onı pútkilley súyiw, ondaǵı barlıq jaǵdaylar menen, jetiskenlikler, kemshilikleri menen qosa súyiw bolıp tabıladı. Jiyrenshe sheshen «Óz úyim óleń tósegim» dese Ájiniyaz «Qurbaqa búlbilim, jekenim baǵım» dep óz Watanına ájayıp joqarı baha bergen. Watandı sheksiz súyiw, ardaqlaw menen qosa onı jawlarınan jan ayamay qorǵaw hár bir perzenttiń minneti hám parızı.

Demek, Watandı sájdagah, kibi muqaddes sanaw, watandı hár qanday dushpanlardan qorǵaw, millet, xalıq azatlıǵı jolında kerek bolsa janın pidá qılıw, hadal hám pidákerlik miynettiń tiykarında eldiń sociallıq, ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına úles qosıw, Watannıń tariyxı, tili ádebiyatı, isskustvosı dnni mádeniyatın ata-baba miyrasların jetik biliw hám olardı xalıqaralıq ortalıqqa kórsetiwge belsene qatnasıw, mámleket nıshanlarınıń áhmiyetin jetik biliw hám olar menen maqtanıw esaplanadı.

Insanpárwarlıq-bul biziń xalqımızdıń milliy pázıyletleriniń biri. ol-insanlardıń insanlarǵa bolǵan mehir-muxabbatı, qayır saqawatlılıǵı, basqa awır kún túskende dártke sherikligi.

Insanpárwar-bul insannıń insanıylıq kelbetiniń ólshemi. Bul haqqında xalqımızdıń túsinigi erte dáwirlerde qáliplesip, áyyemgi dáwirlerde payda bolǵan ertek, ráwiyat, ańızlar, naqıl-maqallarda óz sáwleleniwin tapqan.

Shıǵıs filosofiyası basınan-aq insan ruwxıyatın, onıń ruwxıy álemin biliwge, adamlardıń óz-ara qatnasın ańlawǵa itibar bergen. Batıs filosofiyasınıń tiykarǵı maqseti bolsa sırtqı dúńya tábiyatın biliwge, insanlardıń tábiyatındaǵı ornın anıqlawǵa qaratılǵan edi.

Oyanıw IX-XII ásirlerde Turanda da payda boldı, bul birinshi oyanıw edi. Turanlıq húkmiranlar xızmetinen buǵan baylanıslı eki-úsh mısal keltirsek, pikirimiz aydınlasadı. Turanlıq Mamun – Xorezm shax Mamun tárepinen Úrgenchte akademiya ashılǵanda Xorezm saltanatı dúńyadaǵı eń úlken hám eń qúdiretli mámleketlerden birine aylanıp baratırǵan edi. Sabuktakin ulı Mahmud Ǵaznawiy da mámlekettiń qúdireti hám abırayın asırıw ushın usı joldan bardı. Abu Rayxan Beruniy óziniń «Indiya» kitabın, mádeniyattanıwǵa baylanıslı miynetlerin onıń tapsırmasına kóre hám onıń sarayında jarattı. Sebebi, Mahmud Ǵaznawiy jan qońsı bolmısh bul mámleketti biliwi kerek edi. Áyyemgi hind tili – sanskrita jaratılǵan eń bahalı miynetler Ǵaznada usı dáwir tili bolmısh arabshaǵa awdarılǵanı da sonnan derek beredi.

Shıǵısta ekinshi oyanıw Amir Temur atı hám xızmeti menen baylanıslı. Sahıbqıran zamanında saltanat sonday qúdiretli hám ádalatlı, el-jurt sonshelli tınısh, jollar biyqáter bolǵan, Samarqand, Buxaradan, Xorezm, Xirattan mámlekettiń barlıq jerinen haj saparına jolǵa shıqqan adamlar Mekkege, Madinaǵa ziyarat etip, aman-esen eline jetip kelgen. Sawda kárwanları ushın jol Qıtaydan Rimge deyin ashıq edi. Bunıń sebebi sonda saqıpqırannıń mámleket

siyasatına kóre insannıń sociallıq awhalına da, ruwxıy kamalatına da teńbe-teń itibar berilgen, jáne Shıǵıs hám Batıs filosofiyası birlestirilip, bir maqsetke baǵdarlanǵan edi. Buǵan mısal etip, Amir Temurdıń Ispaniya, Frantsiya, Rim, Vizantiya mámleketleri menen elshilik, házirgi tilde, diplomatiyalıq qatnaslar ornatılǵanın, elshiler barıp-kelip turǵanın aytıw múmkin.

Shıǵıstan birinshi, ekinshi, úshinshi oyanıwlar evropaǵa kóshti, onıń orayı dáslep Frantsiya boldı, keyin evropa – Ispaniya, Italiya, Angliya, Germaniyaǵa jayıldı, soń bul mámleketler arqalı Rossiyaǵa da jetip keldi, bizler bolsa dúńya rawajlanıwınan shette – ǵáplette qalıp kettik, aqır-aqıbette tutqınlıqqa tústik.

Biziń áyyemgi tariyxımız, bay mánawiyatımız, mádeniy miyraslarımız, qolǵa kiritken jeńislerimizdiń, erten jetisejaq jeńislerimizdtiń hayotbaxısh tiykarı.

Haqıyqatında, biziń mámleketimiz bekkem, kúshli tpárdiywalǵa iye. Ol mısalı bir úlken shınarǵa usaydı. onıń tamırı júdá tereńge ketken – neshe mıń jıllıq tariyx qatlamlarına tutasadı.

Biz úlken tariyx, úlken civilizatsiya jaratqan ullı babalarımızdıń nızamlı áwladlarımız. Bunday babalarımızdı eslemesek, olardıń xızmetlerine múnásip baha bermesek, olar isin dawam ettirmesek, dana úgitlerine ámel etpesek ózligimizdi umıtıw, mánawiy gúmirahlıq. ótmish tariyxımızdıń nurlı betlerin húrmet penen yadqa alıw, fojiyalı betlerinen ibrat alıp sabaq alıw, ótkenlerdiń ruwxın shad etiw shın bilimlilik belgisi.

Búgin biz elimizde xalqımızdıń erk-ıqrarınıń kórinisi bolǵan Konstitutsiya hám nızamlar tiykarında demokratiyalıq dúńyalıq mámleket qurıp atırǵanımız málim. Bul mámleket eń áweli dúńyalıq progreske, onıń eń aldıńǵı jetiskenlik hám nátiyjelerine tayanadı.

Sonıń menen birge, sonı da umıtpawımız kerek, diniy jámiyet pútkilley biykar etilgenin biz keshegi tariyxımız mısalınan jaqsı bilemiz. Bunday ideologiyanıń qáterli tárepi sonda, ol neshshe ásirler dawamında din negizinde

qáliplesken, xalıq turmısınıń ajıralmas bólegine aylanıp ketken qádiriyatlar – bul jazba yaki awızeki, materiallıq hám ruwxıy miyras bola ma, ádep-ikramlılıq yaki dástúrler bola ma, milly kóz-qaras yaki turmıs tárzi bolma ma - bulardıń bárshesin biykar etedi. Nátiyjede adamzat óziniń ishki dúńyası, sezim-tuygıları hám kóz-qaraslarına, tayanıp-súyenip, turatuǵın fundamentinen mahrum bolıp, «sovet danıshpanlarınıń» aytqanınday, úlken mámleket mashinasınıń «shúyine» aylandı. Aqır sońında bunday adam ata-anasın da, óziniń milleti, xalqı hám Watanında tanımaytuǵın ayanıshlı halǵa túsip qaladı.

Burınǵa kolonial dúzim tap usınday jawız maqsetlerdi gózleytuǵın edi. Sonıń ushın kommunistlik ideologiya háwij alǵan dáwirlerde, atap aytqanda, ótken ásirdiń 80-jıllarınıń aqırlarında xalqımızdıń basına qanday azap-aqıretler jawdırılǵanın, álbette, hesh qashan umıtıp bolmaydı.

Sol qaralı jıllarda kópshilike hátte janaza máresimlerine barıw, jaqınınan ayrılǵan adamlarǵa kewil aytıwǵa da tartınıp qalǵan edi. Ol jaǵın sorasańız, bazı bir juwapkerli lawazımda isleytuǵın adamlar ideologiya qısımınnan qorqıp, ata-anası qaza bolganda jerlew máresimlerinde qatnasıwǵa da májbúr bolǵan edi.

Lekin hár qanday ayawsız quwdalawlarǵa qaramastan xalqımız báribir óziniń muqaddes dinine sadıq qaldı. Sonıń ozi-aq dindi insan, xalıq hám jámiyet turmısınan hasla óshirip bolmaytuǵınlıgınan jáne bir ret dárek beredi.

Biz muqaddes dinimizdiń xalqımız tariyxındaǵı áne usınday teńi-tayı joq ornın hám tásirin inabatqa ala otırıp, onı hár tárepleme tiklep, turmısımızdan bekkem hám ilayıqlı orın alıwına eristik.

Sonıń ushın bul máselege qatnas jasaǵanda hádiste aytılǵan «Bul dúńyanı dep, o dúńyanı, aqırette dep, bul dúńyanı umıtpań» degen mazmundaǵı sózlerdi hesh qashan esimizden shıgarmawımız zárúr dep oylayman.

Biziń ruwxıy turmısımız áne usı eki tiykar, eki tayanısh noqattıń ústinde bekkem turıwı lazım. Egerde áne usı eki tiykarlardan birewi bosasatuǵın bolsa,

jáne ózgelerge baǵınıshlı hám ǵárezli bolıwımız hesh gáp emes. Búgingi dúńyanıń pás bálentin túsinetuǵın qanday aqıllı tınıq adam bunı jaqsı ańlaydı, álbette.

Tariyx hám turmıs tájriybesi sonnan dárek beredi, dúńyalıq hám diniy qádiriyatlar birin-biri toltırmasa, búgingi kúnniń awır hám qıyın sorawlarına tolıq juwap tabıw ańsat bolmaydı.

## 2.2. Quranı kárim hám Hádiysi shariplerde ádep-ikramlıq táriypi

Quranı Kárim - insan ómiriniń barlıq táreplerin óz ishine alǵan nızam-qaǵıyda, tártip hám intizam ólshemlerin kórsetetuǵın kitap.

Quranı Kárimde musılmanlardan talap qılatuǵın eń tiykarǵı isler: Allaǵa shúkir qılıw, jalǵan sóylemew, jalqaw bolmaw, menmenlikke, ıshqıpazlıqqa, qumarparazlıqqa, giyabentlikke hám nápsi háwesine berilmew, ǵıybat, ósek, ashkózlikten awlaq bolıw. Sonıń menen qatar Allaǵa shúkir qılıw, ózine táwekel qılıw, iygi niyet hám jaqsı isler qılıw, miynet arqalı kún kóriw, hesh kimdi kemsitpew, qatın-qalash, jas balalar, mayıp hám biysharalardı sıylaw olarǵa járdem beriw.

Miynetti jaqsı kórmegen adam jalqaw boladı. Barlıq pásliktiń atası hám anası jalqawlıq. onıń eń jamanı urlıqtı keltiredi. Haslında paydalı miynet qılmastan kún kórgen adamǵa urı delinedi. Dúkanda islep turıp táreziden jırıp qalıw, birewdi isletip haqısın bermew urı delinedi.

Islamda urlıq úlken awır gúna. onda «Urı erkek hám urı hayaldıń qılmıslarına jarasa jaza hám Allanıń azabı sıpatında qolların kesińler, Alla qúdiret hám hikmet iyesidur» dep tastıyıqlanǵan.

Islamda haqıyqıy baylıq - mal dúńyanıń kópliginde emes, balki nápsiniń toqlıǵında. Dúńyanıń jaqsılıǵı qanaatta, jamanlıǵı dámede. Dámesizlik máńgilik.

Ata-ananıń perzentlerine baylanıslı ullı hám muqaddes ekenligi payǵambarımızdıń bir qansha hádislerinde óziniń kórinisin tapqan. olarda Allanıń razılıǵı ata-ana razılıǵında, Allanıń ǵázebi olardıń ǵázebinde delingen. Ataǵa itaat qılıw - Allaǵa itaat qılıw. oǵan gúnakar bolıw - Allaǵa gúnakar bolıw.

Kúnlerdiń birinde payǵambarımızdıń aldına bir kisi kelip, «Atam meniń malımdı birewge berip jiberdi, ne qılıwım kerek?» dedi. Quday payǵambarı: «Óziń de, malıń da atańdiki» dedi.

Hár kim ekkenin aladı, arpa ekseń arpa, biday ekseń biday, arpa egip biday kútpe. Sonlıqtan shayiq Saadıy Sheraziy:

«Hár ne qılsań ata-anańa jaqsılıq

Qaytar balańnan jaqsılıqqa jaqsılıq» degen.

Islam dininde haram qılıngan nárselerdiń biri qarızdıń tólenbey qalıwı. Muhammed payǵambarımız bılay degen: «Kimde bir adamnıń haqı bolsa, almasınan burın áweli adamlar menen arasın ashıp alsın. Sebebi qiyamet kúni kisiniń baylıǵı oǵan payda bermeydi. onı ótemey ótken adam sol qarızdı ótemegenshe qábirinde tınısh jata almaydı».

Qarız mısalı Alla taalanıń jerdegi bayraǵı. Qashan bir bendesine jamanlıqtı oylasa, onıń moynına sol qarız bayraǵın ildirip qoyadı.

Sonlıqtan xalıq hesh qashan qarız berme. Sebebi qarız alǵanda asıraydı, bergendi joq qıladı degenler.

Malika soraptı: «Qaysı bes-nárse-bes nárseni jeyji? Danıshpan ayttı «Ǵam - ǵamdı, jalǵan sóz – rızıqtı, táwbe - gúnanı, sadaqa - báleni, sharap – sawaptı jeyji».

Islam dininde haramǵa shıǵarılǵan islerdiń jáne biri ǵıybatdur. Soradılar: «Ya, Rasulllah, ǵıybat ne? Ayttı: «Bir kisiniń ózi jaqtırmaǵan nársesin, aǵnıy ayıbın aytıw» dedi. «Yeger usı ayıbı bar bolsa she? - dep soradı. Rasullah «Yeger onıń ayıbın aytsań, onı ǵıybat qılǵan bolasań. eger onda joq ayıptı aytań, onda jala japqan bolasań» dedi.

Musılman huqıqtanıwına dinniń júdá tásirli sanaǵa sińgenligi sonshelli, musılmanlar tek ǵana diniy túsiniklerinde ǵana emes, sol sıyaqlı turmıs iskerliklerinde de, tirishiliginde de, háreketlerinde de óz-ara mámilelerinde de

Qurandı basshılıqqa aladı. Sebebi musılmanlardıń huqıq ilimi óziniń baslawın Qurannan alıp, pútkil qaǵıydalarında, olarǵa degen qosımshalarında Quranǵa tiykarlanadı.

Sháriattı jol, onıń qaǵıydaların sheshiwshi, jol-joba, nızam, buyrıq dep ataydı. Sonıń ushın «Sháriatqa sharam joq» dep esaplaydı. Sháriat illamnıń tiykarǵı nızamlıqlarına súyenip, onı álpeshleytuǵın zańlar jıyıntıǵı. Sháriat ilimi Kálam hám fikh bolıp ekige bólinedi.

Kálam isenim haqqındaǵı dogmalıq hám úlgi bolarlıq ilim retinde dinniń tiykarların anıqlap dálillep kórsetetuǵın qaǵıydalar hám tártiplerden turadı.

Kálam ilimi Allanıń bolmısın tanıp-biliwdi 4 bólekke bóledi.

1. Tawhid-Allanıń birligi

2. Ádalat-Allanıń ádilligi

3. Nabuuat-payǵambarlıq

4. Miaz - ólip tiriliw hám shın ómir.

Shiyalar besinshi etip imamat, aǵnıy imamlar miyrasın qosadı.

«Fikh» túsinigi, bilim, ilim, huqıqtanıw musılmanlardıń puqaralıq turmıs tirishiligine baylanıslı qaǵıyda-tartipler degen túsinikti bildiredi.

Musılman huqıqında Sháriatqa kelip tirelmeytuǵın hesh másele joq.

Sháriatqa sanaspay jasalǵan is háreketlerdiń bári de batı,l aǵnıy nızamsız dep sanaladı.

Sudlawda dálildiń úsh túri bar. 1. ózi moyınlaw, 2. Guwalıq beriliwi arqalı, 3. Ant ishiw.

Ayıpkerden óz gúmasın moynina alıwı dálildiń eń sheshiwshi túri. óytkeni «Uyatlı adamnıń minneti óz gúnasın moyınlaw» degen naqıl musılmanshılıqtıń biyik muradı, sózge turıwi bolıp esaplanadı.

Talapker jaǵı guwa taba almasa juwapker jaǵına ant ishiwge múmkinshilik beredi.

Juwapker ant ishpese, talapker jaǵı ant iship óz talaplarınıń ádil ekenligin kúsheytedi. Quranı Kárimde «Ádil hám haq sóylewshi - Allanıń eń súyikli qulı» delingen (152 ayat).

Musılmanlardıń is-háreketine baylanıslı kórsetpeler:

I. Haram. 1. Najis-más qılatuǵın nárseler, dońiz eti.

2. Paydalanıw arqalı haramǵa aylandıratuǵın zatlar

Qumar oynaytuǵın zatlar: karta, aynalma diskler h.t.b.

3. Payda keltirmeytuǵın zatlar.

II. Mákriw

1. Kepin tigip satıwshı, qassapshılıq

2. Gindik sheshe, shashtárez, mal qashıriwshı.

III. Joiz - ruxsat etilgen, kópke qolaylı is-háreketler.

IV. Sahix – nızamlı, durıs jáne minnetli háreketler.

V. Mubax - onsha qollawǵa jatpaytuǵın is-háreketler (temeki shegiw, nasıbay h.t.b.)

VI. Batıl - ruxsat etilmeytuǵın, tıyım Salıngan háreketler.

VII. Pasıq - gúnaǵa batıratuǵın is-háreketler

VIII. ajib. Bul is-háreketlerdi orınlaw minnet. orınlamaǵan jazaǵa tartıladı.

IX. Su’nnet. Bul is-háreketlerdi orınlamaǵanlar jazalanbaǵan menen orınlaǵanlar qıyamet kúni sıylı boladı.

X. Sawap. Bul Allaǵa unamlı is-háreketler.

Sháriyatta kamalǵa keliw erler 15, qızlar 9 jastan assa. Neke túrleri. Turaqlı neke, aqıtsha neke, kánizek neke

Jazalaw - dúrre menen urıw, basın shabıw, darǵa asıw h.t.b. kópshiliktiń kózinshe jazalaydı.

Zinaker ushın jazalaw - dúrre urıw. ólim jazasına da barıladı. Tek qushaqlasıp súyiskeni ushın júz qamshı urıladı. Al onnan da tereńirek ketse, ol tereńlenip, oǵan radjm jazası qollanida.

Erkek penen erkek, hayal menen hayaldıń jaqınlasıwına ólim jazası qollanıladı. ótirik-wósek aytqanlarǵa seksen qamshı. Más bolǵan adamǵa da 80 qamshı urıladı. Urlıq jasaǵanda urı moyınlasa, aki guwa bolsa, mal iyesine qaytarıladı. Urı ómirlik túrmege túsedi amasa qolınıń tórt barmaǵı amasa bir ayaǵınıń bası kesiledi. Ata-anası balasınan urlasa jazalanbaydı. Ashlıqtan óleyin dep turǵan adam urlıq islese jazalanbaydı.

Qanǵa qan alıw qollanıladı. onı jaqın tuwısqanları jasaydı. oǵan ruxsattı sud beredi. onı qun menen de almastırıw múmkin.

Tariyxqa kóz jibersek, VIII-XI ásirler arasında sháriat nızamları hár túrli aǵımlar nátiyjesinde qáliplesti. Házirgi islam dúńyasında o’ziniń hár túrliligi menen bir-birinen az da bolsa ayırmashılıǵı bar onlaǵan aǵımlar ishinde tuwrı jol aǵımı biziń babalarımız uslaǵan Imam Aǵzam jolı, onı dúńyadaǵı musılmanlardıń 80% tutadı.

## 2.3. Imam Buxariydiń «Al-adab al-mufrat» shıǵarması

Imamlardıń imami hám muqaddesler ullısi bolǵan Abu Abdullah Muhammed Ibn Ibrayim al-Muǵira al-Buxariy al Jufiy hijjati 194-jıl shawal ayinıń 13 kúni ótkende juma islerinen keyin Buxarada tuwılǵan (809-j. 13-may). Jaslayınan atadan jetim qalǵan Imam Buxariy 10 jaslarınan-aq arab tili hám hádis kitapların oqıw, olardı adlawǵa qunt penen kirisken.

Imam Buxariy júdá talantli, jetik alım bolǵan. Aytıwlarına qaraǵanda, qaysı bir kitaptı qolǵa alıp bir mártebe oqıp shıqsa, hámmesi ad qala bergen. óziniń sózine qaraǵanda, júz mıń sahih (yeń isenimli hadıs) hám eki júz mıń hádisti adtan biler eken. onıń ol «Al-jomea as Sahih» hám «Al Adab al Mufrad» hám basqa da jigirmalaǵan kitabı bolǵan.

Keyin Haydorattaǵı «Usmoniya» universitetiniń professorı as-Sayd Fazullox al-Jıloniy «Al adab al-Mufrad»tiń bir qansha qol jazbaların tawıp, bir-birine uqsatqannan keyin tuwrı bir nusqasın anıqlap, onı tártipke salıwǵa muwapıq boldı hám bul qımbatlı shıǵarmaǵa ózi kommentariy jazıp, «Fazlu-l-lohi-s-samadfi tavziqi-l-Adabi-l-Mufrad» («Al-Adabu-l-Mufradtti túsindiriwde Allanıń fazlı») dep qoydı. orta Aziya hám Qazaqstan musılmanları diniy basqarmasınıń baslaması menen bul shıǵarmanıń teksti 1390-1970 hám 1400-1980-jılları eki márte arab tilinde basılip shıqti. Biziń bul jumısımizda mine usı ekinshi baspadan paydalanıldı.

Kitapta ádep-ikramlıqtıń áhmiyeti bılay kórsetiledi: «Sizlerdiń jaqsılıqlarıńiz ádebi jaǵımlı bolǵanlıǵıńizdur» (271-hádis) «Jánnetke túsiwge sebep bolatuǵın nárse ne? degende «Ol  bolsa Alla taaladan qorqıw hám jaqsı ádepli bolıwdur» (289-hádis). Jáne de «Musılman bende óz ádebin jaqsı etiwge háreket ete berip, aqır jaqsı ádebi onı jánnetke kirgizedi. eger ol, ádepti jaman ete berse. sol jaman ádebi onı dozaqqa kirgizedi» (290-hádis). Rasulullahtan

insanlarǵa berilgen pazıyletlerdiń eń jaqsısi ne? dep soradı. Rasulullah «Insanlarǵa berilgen pazıyletlerdiń eń jaqsısi jaqsı ádep» deydi. (291-hádis).

Basqalardı aldaw ushın aytılǵan hám tuwrı bolmaǵan sózlerge jalǵan deyiledi.

Dinimizde haram qılınǵan úlken gúnalardan biri jalǵandur.

Quranı Kárimde Allah taala. «... jalǵan sózden jıraq bolińlar», dep buyıradı. («Haj súresi, 30-ayat»). ekinshi bir ayatda mınaday deyiledi. «Yey móminler, Allahdan qorqińlar, tuwrı sózdi sóyleńler» («Ahzob» súresi, 70-ayat).

Kóp kewilsizlikler jalǵannan payda boladı. Hiyle, aldaw, zulım, haqsızlıq, ádalatsızlıq, isenimsizlik, dushpanlıq sıyaqlı nárselerdiń bárshesi jalǵan hámde jalǵanshılıqtan payda bolǵan isler.

Jalǵanshı adamlardı aldasa da, Allanı alday almaydı. Sebebi, Alla adamlardıń qılǵan hár bir isin kórip turadı, biledi hám aytılǵan sózlerin esitedi.

Jalǵanshının eń zıyanlı hám eń gúnalısı qazıxanada (sudta) gúwalıq beriw aqtında aytılǵan ótirik. «Niso» súresiniń 135-ayatında Alla ózimizdiń, ata-anamizdıń, jaqınlarımızdıń zıyanına bolsa da tuwrı gúwalıq beriwge buyıradı. «Bul meniń aǵaynim, jaqınım» - dep haqsızlıq penen kimdidur jaqlaw jaramaydı.

Islam dininde bazı jaǵdaylarda ótirik sóylewge de ruxsat etiledi:

- bir-biri menen sóylespey atırǵan er menen hayaldi aki eki musılmandı kelistiriw ushın;

- urıs aqtında dushpandı aldaw ushın;

- bir adamnıń janına, malına, dinine hám namısına zulım hám haqsızlıq penen zıyan jetkizilse, olardı qutqarıw ushın;

- kesellerge úmit hám quwat beriw ushın; payǵambarımız bir hádislerde sonday degen: «Adamlar arasında kelistiriw ushın jaqsılıq niyeti menen ótirik sóylegen adam jalǵanshı emes»

Hiyle de aldaw demekdur. Jalǵan sıyaqlı hiyle de haram. Hiyleker adam eki júzli boladı, basqalardı aldaw ushın eki túrde kóriwge umtıladı. Haqıyqıy musılmannıń ishki dúńyası menen sırtqı kórinisi bir boladı. Islam dininde insan húrmetli bir maqluqdur, hiyleker adamnıń bolsa basqalar aldında húrmeti bolmaydı. olardı basqalardı tómen bilip, tek ózin oylaydı.

Payǵambarımız bir hádislerinde: «Bir musılmanǵa zıyan jetkizgen hám onı aldaǵan adam bizden emes», - degen edi. ótirikshi hám hiylekerdiń dosları, qádirdanları joq. Bir kimse olarǵa isenbeydi.

Jalǵan sóylew haqqında. «Ras sóyleńler, sebebi rasgóylik jaqsılıqlarǵa baslaydı hám bul jaqsılıqlar bolsa jánnetke jollaydı. Insan ras sóyley berse, ol Allah taala aldında júdá rasgóy dep jazılıp qaladı. Jalǵan sóylewden ózlerińizdi saqlań, Sebebi, jalǵan sóylew hámme buzıqlarǵa alıp baradı, buzıqlıq bolsa dozaqqa jollaydı. Insan jalǵan sóylese, Alla aldında jalǵanshı bolıp jazılıp qaladı». (179 hádis). «Sóyleń qattı isenetuǵın biradarińa jalǵan sózin aytıw úlken qıyanet» (393-hádis). Abu Xurayra aytadı: Rasulullah: «Mómin bende dúńya islerinde aldanıwshı hám óz saqawatlı, biraq munafiq bolsa, aldawshı mákkar hám hasis boladı». (196-hádis).

Payǵambarımız asa ketken baqıllıq haqqında: «Asa ketken baqıllıq iyman menen hám bir bendeniń kewlinde jám bola almaydı» (281-hádis).

Isırapgershilik haqqında aytadı: «Isırapgershilik dúńyanı gúna islerge sarplaw aki ózine de bala-shaǵasi ushın da hesh nárse qaldırmay jaqsı hám jaman jolǵa bar-joǵin berip jiberiw dep kórsetip, olardı «Baylıǵın nahaq jerge sarplaytugın insanlar» (444-hádis) túsindirip berdi.

Jala hám shaǵımshılıq ne? Rasulullah «Bul adamlardıń arasın buzıw ushın gápti bir-birlerine naqıl etip júriw». Rasulullah «Wómir sonday insanlardı qashan kórse Alla taala esletedi. eń jamanlarıńizdi aytsam, olar shaǵımshılıq penen júrip doslar arasın buzıwshı gúnasız adamlarǵa buzıqlıq hám

mashaqqatqa giriptar bolıwın izlewshi adamlar» deydi. Jáne (322-hádiste) «Jasırın ráwishte insanlar gápine qulaq salıp onı (jaman niyette) basqalarǵa naqıl etiwshi adam jánnetke kirmeydi» degen edi. «Biraq bir insan ekinshi insandı ǵıybat etip zulım etse, onı keshirmeydi» (201-hádis).

Dinimizge kóre musılmanlar doslıq, awızbirshilik, tatıwlıq hám muhabbat penen jasawı kerek. Adamlar arasında doslıq, ashıq júzlilik hám aǵayinlik tuyǵıların buzıp, onıń ornına ókpe-giyne hám dushpanlıqtı ámelge asıratuǵın eń jaman nárselerden biri ǵıybat. Ǵıybattan, shaǵımshılıqtan, adamlardı qapa etiwden jaman sózlerden saqlanıw kerek, sebebi bular islam dininde haramdur.

Bir kúni payǵambarımız sahabalardan soradı: «Ǵıybat ne, bilesizler me?» Sahabalar: «Alla hám onıń rasulı biler» - dedi. Sonda payǵambarımız: «din aǵaynine jaqpaytuǵın sózlerdi onıń arqasıńan sóylewdur», -dedi. Payǵambarımızdiń sahabaları jáne soradı: «Yeger aǵayinlerimizdi jamanlaǵanımiz tuwrı bolsa, aytsaq bolama?» Payǵambarımız marhamat etedi: «Yeger sózlegen sózlerińiz tuwrı bolsa, ǵıybat qılǵan bolasız. Sóylegen sózlerińiz tuwrı bolmasa, jala jawǵan bolamız».

Payǵambarımız ǵıybattı estiwge de ruxsat bermeytuǵın edi. ol ullı zat bir hádislerde «Ǵıybat etiwshi menen ǵıybat tıńlawshı gúnahda barabar», -degen.

Ǵıybatshılar jaman bir kesellikke ushraǵan insanlar. Biziń aldımızda basqalardı jamanlap turǵan insan basqalar aldında bizdi ayıplaw bizler haqqımızda da jaman sózler sózlewi múmkin.

Insan basqalardıń ayıpların emes, bálki óziniń qátelerin izlewi, insan qatarınan orın alıwǵa umtılıwı zárúr. Payǵambarımız aytqanınday. «Jaqsı musılman óz ayıpların izleytuǵın, basqalardıń ayıpların izlewge aqıt tawmaǵan insandur».

Ǵıybattıń bul dúńyaǵa tiyisli kóp zıyanları bolǵanı sıyaqlı, aqiretge baylanıslı júdá kóp zıyanları da bar. Ǵıybatshı ózi qılǵan jaqsılıqlar hám

ibadatlardın sawaplarınıń da biykarǵa ketiwine sebep boladı. «Ǵıybatshı oraza tutpaǵan insandur», degen edi payǵambarımız. Demek ǵıybat kún boyı ash qalıp, shóllep tutqan orazamızdıń sawabın joqqa shıǵaradı.

Bir insan musılman tuwısqanına, jaqsılıq tilep ıqlas penen shın kewilden onı aqıllandırsa, bul ǵıybat bolmaydı. Sebebi din tuwısqaniniń qáte hám nuqsanlardan qutılıwǵa járdemlesiw hám hár bir móminniń óz diniy tuwısqanı aldındaǵı wazıypası. Bunday is ǵıybat bolmay, haq hám haqıyqatqa baslaw esaplanadı.

Áyyemgi zamanlarda bazı jıllar jawın jawmasa, eginler ónbey qalar edi. Awıl xalqı Alladan jawın sorap jalınar edi. Házireti Mussa da qáwimi menen bir kúni Alladan jawın sorawǵa shıǵıp, qolların kóterip, duwa qıldı, jawın jiberiwdi jalınıp soradı. Janabı Haq ahiy perishtesin jiberip, mınaday dedi. «Úmmetiniń arasında júdá qáwipli bir ǵıybatshı bar. eger onı ǵıybattan toqtatsańiz, sizge jawın boladı». Házireti Musa «Ya rábbim, bul insannıń kim ekenin maǵan bildir», dep duwa qılǵan edi, Alladan mınaday juwap keldi: «Wonıń kim ekenin saǵan bildirsem, ol aqıtta men ǵıybatshı bolarman».

Urlıq - basqalardıń dúńyasın aki pulin jasırin alıp isletiw demek. Urlawshı insandı qaraqshı deyiledi. Qaraqshılar hesh is qılmastan jaman jollar menen pul tabıwǵa umtılıwshı jaman adam.

Urlıq biziń dinimizde de, basqa bárshe dinlerde de haram sanaladı. Alla taala «Baqara» súresiniń 188-ayatında hám «Nisa» súresiniń 29-ayatında urlıqtı haram qılǵan.

Urlıq keń mánide pul hám mal urlawdan ibarat emes. Máselen, kem ólshew, tovardı qımbat satıp, tez aqıtta kóp pul islew, qural menen insanlardan, olardıń úylerinen, banklerden pul aki maldı zorlıq penen tartıp alıw, bizge tapsırilǵan húkimet pulları aki adamlardıń pulların isletip jiberiw sıyaqlı nárseler de urlıq esaplanadı.

Jigeri hám ádebi ázzi bolǵan insan ushın eń zárúr nárse puli hám dúńya malı. Sonıń ushın bunday adamlar urlıqtı haram dep bilmeydi.

Allaǵa isengen adam urlıq etpekshi bolsa, Alladan qorqıp bul isten bas tartadı. Sonıń ushın payǵambarımız bir hádislerinde: «Allaǵa isengen adam qálbinde iymanı bolǵan halda urlıq etpeydi», - degen edi. Demek, adamnıń iymanı hám Alladan qorqıwı júdá kóp kewilsiz islerden tıyıp turadı.

Alla jaratqan eń biyik maqluq insan. Adam Allanıń jaratqan ullı miyneti. Musılman bolsın, ǵayri musılman bolsın, Alla jaratqan hár bir insannıń bul dúńyada jasawǵa haqısı bar.

Adam óltiriw gúnalardıń eń úlkeni esaplanadı. Haqsızlıq penen adam óltiriw jaramaydı, sebebi, adam óltirgendi Alla keshirmeydi. Quranda Alla buyıradı: «Kim qastan bir mómindi óltirse, onıń jazası jáhánnem bolıp, usı jerde máńgi qaladı. Hám ol Allanıń ǵázebi hám lánetine duwshar bolǵay, Alla onıń ushın ullı azaptı tayarlap qoyǵan» («Niso» súresi, 93-ayat).

Payǵambarımız bir hádiysinde bılay degen: «Qılınǵan hár túrli qátelrdi keshiriw múmkin. Lekin kápir bolıp ólgendi hám bir mómindi jaman maqset penen óltirgen adamdı keshiriw múmkin emes».

Bir insan qanday tuwıladı? Qanday qıyınshılıqlar menen úlkeyedi? Ata-anasi óz balası dep az mashaqat shege me? Dúńyada eń ásten ósetuǵın adam balası. onı ósiriw ushın úlken pidayılıq dárkar. Bunday qıyınshılıq penen ósirgen adamdı óltiriwge, Allanıń eń zor miynetin nabıt etiwge hesh kimniń haqısı joq.

Quranda Alla bir adamnıń óltiriliwin pútkil adamzattı óltiriwge, bir adamdı ólimnen qutqarıwdı barlıq adamzattı ólimnen saqlap qalıwǵa uqsatqan («Moida» súresi, 32-ayat).

Dinimizde qatań qadaǵan etilgen nárselerden biri ózin-ózi óltiriw. Jan – adamǵa Alla amanatı. Jandı beriwshi – Alla, aqtı jetken soń, jandı qaytıp aladı. ózin-ózi óltirgen adam Alla amanatın saqlay almaǵanı ushın da amanatqa qıyanet etkeni sebepli gúnakar boladı.

Ózin-ózi óltirgen adamǵa jaqsı názer menen qaralmaydı, hátte onday adamǵa janaza oqılmasın deytuǵınlar da bar. Lekin biziń mazhabımızda, hanafiy mazhabında, eger ruwxıy kesellikke ushıraǵan bolsa, bunday adamnıń da janazası oqıladı.

Islam dini ráhimli hám mártebeli din. ol adamlarǵa ǵana emes, hátte haywanlarǵa da miyrim-shápáátli bolıwǵa, olardıń ómirin saqlawdı, zıyansız haywanlardı óltirmeń, dep úyretedi.

Islam dini barlıq maqluqlardıń ómirin húrmet etiwge buyıradı. Bul – diniy hám ádep-ikramlılıq bir wazıypa.

Islam dininde haram etilgen hám Alla taala tárepinen qattı qadaǵan etilgen nárselerden biri adamdı más etetuǵın ishkiliklerdi ishiw. Xalıq arasında ishkilik dep júritiletuǵın bunday nárselerdiń túrli atları bolıwı múmkin.

Atı qanday bolıwına qaramstan más qılatuǵın hámme nárse haram qılınǵan. Sebebi, payǵambarımız: «Adamdı más etetuǵın hámme nárse haramdur», - degen.

Ishkilik ne ushın haram etildi? onıń haram etiliwine qanday sebepler bar edi? Bul haqqında teberik kitabımız Quranı kárim hám payǵambarımız hádislerin kózden keshiriw kerek.

Birinshi márte túsirilgen Quran ayatında Alla buyıradı: 1. «Sizler más etiwshi (araqtı) hám gózzal-hadal rısqınıń (ózin) hám xurma hám júzimlerdiń miywelerinen alarsız». («Nahl» súresi, 67-ayat).

Bul ayat penen Alla taala túrli miywelerdiń suwın sıǵıp olardan paydalanıwdı buyırdı. Lekin insan zatı kóp tarawda ózine ańsat jol izleydi. Bul ayat názil etilgen aqıtta ishkilik haram etilmegen edi. Sonıń ushın xurma hám júzimnen ishimlikler islep, olardıń ishine más etetuǵın nárselerdi aralastırip, adamlar diniy tárepten tuwrı bolmaǵan ishkiliklerdi payda etti. Bul hal payǵambarımız hám bazi bir musılmanlardı oylandırip qoydı. Hijrattan soń bul

hal Madınada da bir qansha aqıtqa deyin dawam etti. Adamlar isher, payǵambarımızda olarǵa bir nárse demes edi. Bir kúni házireti Omar ham Muaz binni Jabal atlı sahabaları payǵambarımızǵa dedi: «Ya Rasulullah, ishkilik haqqında bizge jol kórsetiń. Ishkilik adamdı más etip, aqılin basınan alıp atır».

Bir neshe aqıttan soń hijrattiń 4 jılında, shawal ayında 2-ayat názil boldı: 2. «Sizden araq (ishkilik) hám qumar haqqında soraydı. Aytiń: «Bularda úlken gúna hám adamlar ushın paydalar bar. Bulardıń gúnası paydasınan úlkenirek» («Baqara» súresi, 219-ayat). Adamlardı ishkilikten qaytarǵan birinshi ayat ta mine usı edi. Bul ayat názil qılınǵan soń, bazı musılmanlar gúnası paydasınan kóbirek dep ishkilikti tasladı.

Bir neshe aqıttan soń, payǵambarımızdiń sahabalarınan Abdurahman bin Avor bir jıyın ótkizdi. Dásturxanda ishkilik te bar edi. Miymanlar jedi-ishti hám más boldı. Sol awhalda sham namazın oqıwǵa kiristi. Imam bolǵan adam kóp ishkeni sebepli namazda oqıǵan «Kofirum» súresinde adasıp ketti. Bul aqıyadan soń jáne ayat túsirildi hám sonday dep buyırıldı: 3. «Yey móminler, sóylep atırǵan sózlerińizdi biliwińiz ushın más halińizda namazǵa jaqın kelmeńler» («Niso» súresi, 43-ayat).

Alla taala bul ayatlardı názil etip, ishkilik ishiwdi kemeyttirip, bunıń tuwrı is bolmaslıǵın musılmanlarǵa bildirer edi. Bul ekinshi ayattan keyin júdá kóp musılmanlar ishiwdi tasladı.

Quranı mufassirleriniń pikirinshe, ishkilikti qattı qadaǵan etken aqırǵi ayat hijrattıń 5 aki 6 jılında názil boldı. Bul ayattıń názil bolıwına sebep bolǵan aqıya tómendegishe edi.

Madınalıq musılmanlardan Atbon binni Malik bir zıyapat berdi. oǵan mádiynalıq musılmanlardı (bulardı ansorlar deydi) hámde mekkelik musılmanlardı (bulardı muhajirler deydi) mirát etedi. Birge awqat jey basladı. Dásturxanda ishkilikler de bar edi, awqatlar jelinip, ishilip bolǵan soń, miymanlar más bolıp qaldi. Usı aqıtta mekkelik musılmanlardan biri – Sad binni

Abu Vaqqos bir qosıq oqidi. onda ózin hám qáwimin júdá maqtaǵan, madıynalıq miymanlardı kemsitken edi. Qosıqtı esitken mádiynalıq musılmanlardan biri dásturxannan turdı da, jelingen túyeniń gelle súyegin qolına alıp, onıń menen Sad binni Abu Vaqqostıń basına urıp jaradar etti. Usı aqıtta-aq Sad binni Abu Vaqqos payǵambarımızǵa bul adamnan shikayat etti. Mine usı bolıp ótken aqıyadan soń aqırǵı ayat túsirildi hám ishkilikler haram etildi. «Yey móminler, araq (más etetuǵın ishkilik ishiw), qumar (woynaw), butlar (yaǵnıy olarǵa sıyınıw) hám shópler (yaǵnıy shópler menen palkerlik etiw) shaytan ámelinen bolǵan haram isler. Bas, nájet tabıwińiz ushın olardıń hár birinen saqlanıń» («Moida» súresi, 90-ayat).

Bul ayat penen ishkilik haram etilgennen keyin payǵambarımız tapsırmalarına kóre jarshılar bul máseleni xalıqqa daǵazaladı. Sonnan keyin iship atırǵan adamlardıń hámmesi ishkilikti tasladı, úylerindegi ishkilikti kóshelerge tókti. Islam tariyxshılarınıń jazıwınsha, Madına kóshelerinde suw bolıp aqtı.

Payǵambarımız jáne bir hádislerinde márhamat qıladılar: «Ishkilik barlıq jamanlıqlardıń anası». aǵnıy hár qıylı jamanlıqar hám kewilsizlikler ishkilik sebepli boladı. Shınında da, oylap kórsek, júdá kóp jawızlıq hám jamanlıqlar más adamlar tárepinen boladı; órteniwler, óltiriwler, jánjeller, urıslar, ádepsizliklerdiń kópshiligi más adamlar sebepli kelip shıǵadı.

Qıńır jollar menen pul tabıw ushın qumar hám basqa jaman oyınlar oynaw islam dininde haram etilgen. Sebebi bul oyınlardıń júdá kóp zıyanları bar. Qumar oyını adamlardı erinsheklikke úyretedi. Bunıń menen adamlar qıńır jollardan barıp pul tawıp bayımaqshı boladı. Islam dini miynet súyiwshilik dini bolıp, miynetsiz tabılǵan pul hadal delinbeydi. Alla taala Quranı Kárimde: «Insan ushın tek ózi qılǵan háreketi ǵana bolıp (yaǵnıy, adam ózgelerge

baǵınıshlı dárdeser bolmaslıǵı kerek)», dep buyıradı («Van-najm» súresi, 39-ayat). Demek, hár qanday puldı islep, miynet etip tabıw kerek.

Tákapparlıq - ózin basqalardan joqarı qoyıw, ózin ulıǵlaw, maqtaw, basqalardı mensinbeslik, páske urıw demekdur.

Islamnıń maqseti adamlardı bir-birine jaqınlastırıp, tatıwlıqtı jasaw, bul dúńyanı hám aqırette baxıtlı etiw. Lekin Allanıń maqluqları minez-qulqı hám tábiyatı tárepten hár túrli. Bazılar jumsaq kewil hám kemtar, basqaları tasbawır hám tákappardur.

Shaytan maǵrurlanǵanı hám o'zin basqalardan ústin kórgeni ushın Alla raxmetinen mángilikke quwılǵan.

Tákapparlıq islam dininde haram. Quranı Kárimde jazılǵanınday, Alla: «…Tákappar hám maqtanshaq bolǵan adamlardı súymeydi» («Niso» súresi, 36-ayat).

Tákapparlıq qılǵan adam Allanı ǵázeplendiredi. Bir hádiste Janabı Haq sonday marhamat qıladı. «Ullılıq hám tákapparlıq meniń kiyimim, kibir, aǵnıy ullılıq meniń tonım. Tákapparlıq hám ullılıqta maǵan teńlesiwdi qálegen adamnıń belin sındıraman».

Qurandaǵı júdá kóp ayatlarda tákapparlıqtan saqlanıw buyırılǵan. Máselen, Alla taala bılay dedi: «Jer júzinde kibr-hawa menen júrmegil. Sebebi, sen jerdi tesip kete almaysań hám tawlarǵa jete almaysań» («Isro» súresi, 37-ayat).

Payǵambarımız da bir hádislerde: «Tákappar adamdı Alla páske túsiredi, kemtar adamnıń bolsa dárejesin kóteredi», - deydi.

Nuh payǵambar óliminen bir az aldın balaların shaqırıp, olardı eki nárseden: Allaǵa shirk qılıwdan hám tákapparlıqtan qaytarǵan edi.

Isırap – pul, mal hám Alla tárepinen bizge berilgen baylıqlardı orınsız sariplaw degen.

Ekonomika – jegende, ishkende, puldı sarıplıǵanda, orta joldı izlew hám bulardan artıp qalǵanın saqlaw, toplaw degen.

Islam dini barlıq islerde orta joldı usınıs etedi. Payǵambarımız hár bir hádisinde: «Islerdiń jaqsısı orta jol», - dep aytqan.

Hár bir nársede ısırap haram. Máselen, bir oqıwshı ózine kerekli mektep zatların, qálem, ruchka, óshirgish sıyaqlılardı artıǵi menen alıp, bazıların isletpesten-aq aki ózi ǵana isletip, taslap jiberse, bul ısırap sanaladı. Bir adamǵa bir neshe kostyum aki ayaq kiyim jeterli, ol júdá kóp kiyim alıp, olardı kiymeytuǵın bolsa, bul da ısırap bolıp esaplanadı. Asxanada eki túrli awqat penen toyıw múmkin bolǵan halda bes-altı túrli awqat alıp, olardan bir bólegin jemesten qaldırıw ısırap. Namaz hám ǵusl táharetin alǵanda, suwdı artıqmash paydalanıw da ısırap. Áne usınday adamlar haqqında Alla taala Quranı Kárimde: «…ısırap qılıwshılar shaytannıń dosları bolǵan kimseler» deydi («Isro» súresi, 27-ayat).

Hámme tarawda ısıraptan saqlanıw lazım. Hátte ibadat qılǵanda da ortasha bolıw talap etiledi. Payǵambarımızdıń sahabalarınan biri kúni-túni namaz hám Quran oqır, kúndizleri oraza tutar edi. Bir kúni usı kisiniń hayalı paǵambarımızdıń aldına barıp: «Ya Rasulullah, meniń kúyewim hámme aqıt ibadat penen shuǵıllanadı. Maǵan hám balalarına qarawǵa aqtı joq. Bizdi awır awhalǵa túsirip qoydı», - dedi.

Payǵambarımız bul sózlerdi esitken son, sahabaların shaqırıp, ibadatlar hám orazasın kemeyttirip, shańaraǵı hám balaları ushın aqıt ajıratıwdı buyırdılar.

Bazi adamlar pul hám dúńyadan basqa aqıtların da ısırap etedi. aqıt ta Allaǵa tiyisli. onı jaqsı hám paydalı islerge sarıplaw kerek.

Payǵambarımız bir hádislerinde sonday marhamat qıladı: «Yeki baylıq bar, adamlar olardıń qádirin bilmeydi. olar birinshisi den-sawlıq, ekinshisi bolsa bols

aqıt». Demek, bos aqıtların joqqa shıǵarǵan adamlar aqıttı ısırap etip gúna qılǵan boladı. Qıyamet kúninde adamlardan óz ómirin qay jerde hám qanday isler menen ótkergeni de soraladı. Jew, ishiw, kiyiniwde, úyge kerekli nárselerdi jumsawda ısıraptan saqlanıw lazım. ózimizge jeterli bolǵanınan artıqsha almaslıq kerek.

Qızǵanshaqlıq – bir adamnıń qolındaǵı zatın aki baylıǵınıń joq bolıwın tilew demekdur.

Qızǵanshaqlıq islam dininde ayıplanǵan hám haram etilgen bir háreket. Hár bir adamnıń tábiyatında qızǵanshaqlıq bar. Bul qásiyetti adam ishinde saqlasa, basqalarǵa bunıń zıyanı tiymeydi.

Payǵambarımız házireti Muhammed (SAV): «Barlıq adamlar qızǵanshaqdur. Lekin qolı hám tili menen kewlindegini áshkar etpese, aki basqalarǵa bildirmese, bul qızǵanshaqlıq basqa adamlarǵa zıyan keltirmeydi», - degen edi. Qızǵanshaqlıq jámiyette giyne hám dushpanlıqtı kúsheytedi, adamlar arasında húrmet hám muhabbattı joq etedi. Sonıń ushın payǵambarımız: «Adamlar bir birlerine qızǵanshaqlıq, kúnshillik qılmasa edi, awızbirshilik hám jaqsılıq isinde jasaǵan bolar edi», - dep marhamat etedi. Sonıń ushın ilajı barınsha qızǵanshaqlıqtan uzaq bolıw, bunday zıyanlı bir jılannıń quyrıǵın baspaslıq lazım. Sebebi, qızǵanshaqtıń ózine de, basqalarǵa da zıyanı jetedi.

Payǵambarımız bir hádisi shariplerinde aytqan eken: «Wot otınlardı jalmap tawısqanı sıyaqlı qızǵanshaqlıq ta sawaplardı tap usı tárizde jep pitiredi».

Payǵambarımız qızǵanshaqlıq eki nársede bilimde hám baylıq tilewde degen. Negizinde bular qızǵanshaqlıq emes háwes. Bul haqqında payǵambarımız bılay marhamat qıladı: «Qızǵanshaqlıq eki nársede durıs Alla bir adamǵa bilim beredi, ol adam áne usı bilimi menen hadal menen haramdi ajıratıp, Alla bergeninshe jasaydı. Alla bir adamǵa mal-dúnya, baylıq beredi, ol

adamda baylıǵı menen jaqsı ámeller isleydi, sadaqa, zákátlar beredi. Mine usınday adamlarǵa háwes etip olarday bolıwdı tilew qızǵanshaqlıq emes». Bul hádisten belgili, basqalardıń bilimi hám baylıǵına háwes etiw kúnshillik bolmay, usınday baylıqlardıń ózimizde de bolıwın tilew.

Qızǵanshaqlıqtıń kúnshillerge de zıyanı bar. Shaytan tákapparlıq qılǵanı hám házireti Adamǵa kúnshillik etip sájde etpegeni ushın máńgi Alla raxmetinen quwıldı. Dúńyada eń birinshi qılınǵan gúna kúshillik sebepli boldı: Házireti Adamnıń ulları Qabıl tuwısqanı Abılǵa ishitarlıq qılıp, onı óltirdi hám adam tariyxında gúnanıń birin qılǵan boldı.

Bazı islam ulamaları «Qızǵanshaqlıq shıpası tabılmaǵan qástelik», - degen. Bul kúnshillikten qutılıw ushın Allanıń bergenine razı bolıp, adamlarǵa kúnshillik qılmaslıq kerek.

Payǵambarımız marhamat qıladı: «Bir-birlerińizge kúnshillik qılmańiz, bir-birlerińizden bezbeń, araǵa suwıqlıq salmańız, bir-birlerińizden ayırılmańız, sizdi bir-birińizge baylaǵan muhabbattı úzbeńiz, hey Allanıń bendeleri, dos bolıńız!»

## III-bap. Islam askerinde ruwxıy kámilikke umtılıw shártleri.

### 3.1. Insannıń minez-qulqın jetilistiriw

Bizde «Minezi jaman», «Kórkin alma, minezin al» degen sózler kóplep ushırasadı. Álbette, minez-qulıq adamnıń biologiyalıq shıǵısı, aǵnıy genotipi menen baylanıslı bolǵanı menen ol ádepke, tárbiyaǵa da baylanıslı. Sonlıqtan «Urınıń balası urı boladı, bóriniń balası bóri boladı» degen sózlerge de tárbiya ózińshe o'zgeris kirgizedi.

Ádep insannıń erkin qálewin kórsetetuǵın áhmiyetli pazıyletleriniń biri. Ol pútkil jámiyet, millet xalıq, shaxs baǵınatuǵın sociallıq tártip, talap hám qaǵıyda. onıń ústemliginde kisiniń qılıq-qılwaları bahalanadı, tártipke salınadı hám basqariladı. ol insan iskerligin tártipke salıwda basqa tásir formalarınan óziniń iqtıyarıylıǵı hám tiyisliligi menen ajıralıp turadı. Mısalı, adamdı huqıqtıń jónlewi - bul olardıń tártibin nızamlar sisteması arqalı retlew bolıp tabıladı. Bunıń xalayıqqa tásiri ádeplilik talqısınan da kórinedi. Qandayda bir nızamnıń buzılıwı ádep-ikramlıqqa jatpaytuǵınlıqtı bildiredi. Sonıń menen qatar jámiyette nızamda kórsetilmegen qılıq-qılwalar da ádeplilik ólshemi menen jónlenedi. Mısalı, qopallıq amasa geypara aswaslıqtı jazalaw nızamda kórsetilmegen. Lekin jámiyetlik aki jeke pikirlerde olar tallanadı hám oǵan támbi beriledi. Platon mınaday deydi: Bizler jiyi-jiyi jámiyetlik pikirdende qorqamız. eger geypara jaqsı emes sózlerdi aytıp qoysaq amasa islep qoysaq, olar bizdi pás adamlardıń qatarına qosıp qoyadı dep oylaymız. Bul qorqınısh túrin bizler uyat dep ataymız. Al uyat bolsa, nızamlar qadaǵan etpegen islerdi qadaǵan etedi. Aristotel` de bul pikirdi maqullap: uyat bul haramlıqtan qorqıwdıń kórinisi. óziniń jeke gúnálarına itibar bermewshilik uyatsızlıqtı tuwdıradı deydi.

Solay etip, adamnıń jámiyettegi ómiri tek ǵana huquqqa baǵınip qoymastan, sonıń menen birge ádeplilik arqalı jónlew menen de baylanıslı. Ádep adamlar arasında jasap turǵan qatnaslar hám sol qatnaslardan kelip shıǵatuǵın

aziypalar haqqındağı ilim. Sonlıqtan onıń qağıydaları, talapları millet aki xalıqtıń úrip-ádetleri, salt-sanalarıi tiykarında tábiyğiy-iqtiyarli jağdayda qáliplesedi. Ádep qağıydaları, talapları jámiyetshiliktiń pikir-talqılawları, tásiri arqalı iske asadı. Ádep qağıydaları insannıń insan sıyaqlı jasawın, islewin, turmıs tárizin belgilewshi miyraslarğa tayanadı, hámmege tiyisli hám orınlanıwdı talap etedi. óytkeni ol bekkem jámiyetlik tártip-intizamnıń jıyıntığı. ol arqalı shaxstıń ruwxıy-mánáwiy iskerligi, onıń kúndelikli qılıq-qılwaları tártiplesedi. Ádepti háreketke keltiretuğın jağday – ıqtıyarıylıq hám ózin-ózi basqarıwshılıq. Mine usı eki jağday ádepti háreketke keltiretuğın ullı kúsh-quwat. Ádep fenomeni tek jámiyette orın alıwı múmkin, ol adamlardıń óz-ara qatnasında, olardıń tábiyatqa qatnasında, qudayğa qatnasında kórinedi. onda adamnıń óziniń qayırlılıq sıpatı adamzat bolmısınıń ulıwmalıq principine baylanıwın talap etedi. Adam ómirine tiyisli áhmiyetli bir sheshimge kelgende, eger ol ádepli bolsa ol sırtqı sistemadan emes (kar`era, payda hám t.b.) al tek parızdiń kórsetiwinen kelip shığadı. Ádepli adam ózin qadağalawğa júdá uqıplı hám sap hújdanğa iye bolıwı kerek.

Ádeplilik adamnıń shańaraqqa, óziniń xalqına, atanğa, basqa xalıqlarğa qatnasınanda kórinedi.

Adam jámiyetlik qádiriyat. Sonlıqtan jámiyet adamnan jámiyettiń mápi menen jasawın, óziniń sawlığın saqlawın, miynet etiwin, ózin-ózi tártipli tutıwın talap etedi.

Ádepliliktiń eń baslı xızmeti - insannıń ózine húrmeti, óziniń qádirin qashırmawı, ózin páske taslamawı. Belgili filosof Immunel Kanttıń «Kisiniń qádir-qımbatı ózi ushın sonday dárejede qádirli bolıwı kerek. ol qádir-qımbatın hátteki jámiyettiń baxıt-saadatı ushın da qurban qılmaslığı lazım» degen pikirin ádepliliktiń irge tası dep túsiniw múmkin. Sebebi óz qádirin bilmegen adam ózgelerdiń de, atannıń da qádirin bilmeydi.

Adam qayırlılıqqa da jawızlıqqa da biyparwa qarawǵa haqı joq. ol óziniń anaw aki mınaw háreketke qatnasın ádeplilik tiykardan túsinip ǵana qoymay, óz sezimlerin de, oǵan qanaatlanıw hám qanaatlanbaw, marapatlaw aki jek kóriwshiligin de kórsetiwi tiyis.

Ádep salıstırmalı túrde erk erkinligin kózde tutadı. ol adamnıń islengen isi ushın juwapkershiligi. Sheshimdi qabıl etiwde belgili bir poziciyanı sanali túrde saylap alıw múmkinshiligi. eger adamlardıń tártipleri tábiyattan joqarı, sırtqı kúshler menen hám ishten tuwılǵan instinktler menen, aldın ala anıqlanǵan bolsa onda tártiplerdi ádeplilik tárepten bahalawdıń mánisi haqqında aytıwdıń da qájeti bolmas edi. Lekin, eger adamnıń tártipleri hesh nársege baylanıssız bolsa, eger absolyutlik erklik stixiyası ústemlik etse, pútkilley tolıq óz basımshalıq bolsa, onda da ádepliliktiń sociallıq normaları jasamaǵan bolar edi.

Ádepliliktiń tiykarı tártiplerde bekkemlenetuǵın úrp-ádetlerden shıǵadı. olar áwladlar tájiriybesi boyınsha jámiyettiń hám adamnıń rawajlanıwına hám saqlanıwına paydalı boldı. olar tariyxıy progress talabına hám mápine juwap berdi. Solardıń tiykarında minez-qulıq qáliplesedi.

Adam sociallıq qatnasta belgili bir minnetlerdi, wazıypalardı atqaradı. ol jámiyettegi óziniń hár bir aǵzasına xalıq tárepinen, atan tárepinen, shańaraq tárepinen júklengen parız formasında boladı. Haqıyqıy ádeplilik jeke adamlardıń sol parızdi orınlanıwınan belgili. Kim jámiyetke paydalı bolıp, onıń alǵa órlewine tásir jasasa, jámiyetlik máplerdi buzıwǵa shıdamasa, ol ádeplilik boladı. Sebebi adamnıń ádeplilik principlerdi biliwi menen birge, onıń ushın qayǵırıwı da júdá áhmiyetli. eger adam atannıń táǵdirin tap ózinikindey qayǵırsa, jámááttiń tabısına óziniń tabısınday quwansa, ol óziniń parızın orınlawǵa uqıpli ekenligin kórsetedi.

Ulıwma óziniń ómir jolında hámme jaǵdayda húrmette bolayın degen adam, tek bir zárúriy nárseni hám bir haqıyqatlıqtı óziniń kewline bekkem ornatıp alıwı tiyis. ol jaǵımlı minez-qulıq, onnan kelip shıǵatuǵın-ádeplilik.

Adam sóylesiwde óziniń sózińnen góre áńgimelesiwshige artıqmashılıq berip, onıń sózin buzbay tınısh tıńlawǵa tırısıw ádepliliktiń bir shárti bolıp esaplanadı. Belgili danıshpan Platon bılay degen: aqılsızlıqtı eki belgiden biliwge boladı: ol ózine paydası joq sózdi aytadı, amasa birewdiń isine jónsiz aralasadı.

Sáwbetlesiwde ótirik-wósek, sırttan sayıw, jalaxorlıq, maqtanshaqlıq hám sol sıyaqlı illetli sózlerdi biziń xalqımız ǵıybat sózler dep ataǵan hám onı aytqan adamlardı ǵıybatkesh dep jariyalaǵan, onıń gúnasın júdá awır dep esaplaǵan hám minezi jamanlar qatarına kirgizgen.

Ǵıybat bir adamdı kemsitip, jamanlap sóylew, artinan ótirik-wósek tarqatıw sıyaqlı mánáwiy illetti ańlatatuǵın túsinik.

Ǵıybat ǵıybatshınıń mánáwiy tómenligin kórsetetuǵın insanlar hám jámiyet ushın zıyanlı bolǵan jámiyettegi tártip intizamlardı izden shıǵaratuǵın hám insanlar arasında mehir-miriwbettiń joytılıp ketiwine sebep bolatuǵın illet. A. Avloniy «Ǵıybat dep bir kisiniń kemshiligin hám júris-turısın arqasıńan sóylemekti aytadı. Ǵıybatlap sóylemek haram, onı esitpek te haram. ol insannıń atına jaraspaytuǵın eń jaman ádetlerdiń eń tómeni» dep kórsetedi.

Ǵıybat az bolsa da keltiretuǵın zıyanı kóp. Payambarımız alayhissalam: «Ǵıybat qılıw birewdi nahaq óltiriwden de jamanıraq» degen.

Ǵıybat adamlardıń qálbine keltiretuǵın qıyanet. Sebebi insan basqa gúnalardı nápsiniń lázzeti ushın isleydi. Al ǵıybat iyesi lázzet ornına óz basına bále tayarlaydi. Sebebi onıń sózi ǵıybat qılınǵan adamnıń qulaǵına jetedi. ol ǵázeplenip ǵıybatshidan ósh alıw payıtın izleydi. Solay etip, ǵıybat tiykarında eki insan arasında dushpanlıq túsedi. Sol jaǵdayda ǵıybattan ǵázep tuwıladı hám ol arqalı dushpanlıq kúsheyip adam arasında payda bolǵan jekke jánjeller pútkil

el arasına nákaslik tuqımin shashadı. Sonlıqtan payǵambarımızdıń hádislerinde «Ǵıybattan qash, ǵıybat zinadan da jamanıraq» degen edi.

Sóylesiw kem degende eki táreptiń qospali háreketi. Geyde eki adam sóyleskende hár kim ózin aytadı. Hár bir sóylesiwshiniń mápin esapqa ala otırıp, hámme aqıt bir-birewge dıqqatlı bolıw sóylesiwdiń rolin arttıradı.

Sáwbetlesiw arqalı dos tabıw hám onı joǵaltıw da múmkin. Meyli ol shańaraqta ma, meyli ol jámiyetlik orınlarda ma parasatsız hám aqılsız sóylesik dushpanlardı payda etedi. aǵnıy tárbiyasız til sáwbetke suwıqlıq ákeledi, awizbirshilikti qashıradı. Shańaraqtaǵı sáwbetlesiw tárbiyalıq xarakterge iye bolıp, balalardı sociallıq hám mádeniy turmısqa úyretiw, ata-anaǵa húrmet, atanǵa sadıqlıq, tuwǵan-tuwısqanlarǵa birlik, doslarıńa qayırlılıqqa qaratıladı. Shańaraqtaǵı qopal múnasibetler, qopal sózler shańaraqtıń máselelerin tabıslı sheshiwge, bala tárbiyasın jaqsılawǵa zıyan tiygizedi. Kerisinshe, shańaraq jumısların oylasıp, aqıl menen, sabırlılıq penen iske asırıw, bir-birewge mehribanlıq, perzentlerge súykimli qatnastı tuwdıradı. Ata-ana hár birine: «aǵası» aki «apası», «keshirersiz», «marhamat», «raxmet», «jolıń bolsın», «jaqsı keldińbe» dep sóylesse, onıń perzentlerine tárbiyalıq tásiri úlken bolıp, olardıń ata-anasına húrmeti, mehir-muhabbatı kúsheyedi.

Hár bir adam óziniń sózi menen maqtanadı, óziniń atın máńgi qaldırıwǵa urinadı. Abaylasańız, ayırım balalar óz atların taslarǵa, diywallarǵa jazıwǵa qumar. Adamnıń ózi ushın onıń atınıń sesti eń mazalı ekenligin este saqlaw kerek. Múnásibette: «keshirińiz, ápiw etińiz» degen sózlerdi kóbirek paydalanǵan jón. Kúle shıray beriw tek sálemleskeninde ǵana emes, sóyleskeninde de kerek. Kúle shıray: «Siz maǵan unaysız, siz meni shadlandırıp atırsız, sizdi kóriwden quwanıshtaman» degendi ańlatadı. Demek, adamdı quwanısh penen qarsı alıp, kúle shıray menen tıńlaw oǵada zárúr. Sonıń ushın

Qıtayda: «júzinde kúle shıray joq adam» dúkan ashıwǵa tiyisli emes» degen qaǵıyda bar.

Hár bir adam menen sóyleskende onıń minez-qulqınıń basqalardan ayırmashılıǵın bilgen durıs. Mısalı, orınsız házillesiw, amasa ol qızıqpaytuǵın áńgimeni sóylew, jek kóretuǵınların maqtaw, onıń ayıbın aytıw, hayallardıń jasın soraw ádeplilikke jatpaydı.

Múnásibette kúlki, házil máselesi júdá áhmiyetli. Birewler menen házillesip dógerektegilerdiń kúlkisin payda etken menen ol adamnıń qádrine zıyan keltiriwge bolmaydı. Xalqımız? «házil apat keltiredi» dep nadurıs aytpaǵan.

Danalar adamnıń júzinde kúlki emes tabassum bolıwı kerek deydi. («Bir tabassum etseń kewlimniń tabı» Ájiniyaz). Tez-tez qattı kúliw de nadurıs tárbiyanıń zawalı, aqıldıń azlıǵınıń gúwası. Sheklengen hám tárbiyasız adam qattı kúledi. Haqıyqıy ótkir aqıllılıq, aki salamat aqıl-woy hesh kimdi kúldirmeydi. Kúlkini ásirese tómen talǵamdaǵı masqarapazlıq, aki aqmaqlarsha turpayılıq tuwdıradı. Tárbiyalı adamlar olardan ózlerin joqarı qoyıwı kerek.

- Lekin onı puxta paydalanıw zárúr. Bizde geypara qızlar «jırbańlap kúle berip» sırın aldıradı. Soǵan qarap geyparalar «kúlse juwaptıń qoyǵanı» dep háreketler islewge talpınadı. Sonıń ushın I.Yusupov

«Kirpikten kewilge jara

Tússe oǵan bar ne shara»

«Biytárep ósken qız bala

Bále tabar kúle-kúle»- dep tastıyıqlaydı. Adam aqıllı bolsa múnásibette tabassum, kúle shıray menen jaynap jasnaydı.

Álpayımlıq úlken áhmiyetke iye. Álpayımlıq basqanı renjitpeslik, birewge jaman sóz sóylemeslik, sáwbetlesiwde, aytıslarda qarsılasın húrmet etiw, ol adamnıń mádeniyatlı hám shıraylı minez-qulıq iyesi ekenligin bildirdi.

Álpayımlıq, sáwbetleskenlerdiń júregiń jaqtırtıp, keypiyattıń kóterip, kewilge tásir etiwdiń durıs kórinisin beredi.

Shańaraqta, amasa jámáátte bolatuǵın úlken-kishi jánjellerge dıqqat awdarsaq, hámmesiniń sebebi kóbinese qopal sóz, amasa jaman qatnastan kelip shıǵadı.

Álpayımlıq túrli dáwirlerde joqarı bahalanıp ullı allamalar oǵan úlken itibar berip kelgen. Basqalarǵa hár qashan jaqsı sózlerdi aytıw, múláyım gáplerdi tıńlatıw úrdis bolǵan. Sebebi turmıs tájiriybeleri tiykarında qáliplesken shiyrin sózlilik, sáwbetlesiw ádebi hám tárbiya máseleleri hámme zamanda áhmiyetli orındı iyelegen. Mısalı Ámir Temur sáwbetlesiw ádebine kóp itibar bergen. ol jaman niyetli, pikiri buzıq adamlardan awlaq júrgen. ol álpayımlıq penen iske asırılǵan hár qanday jumıs, shara, sáwbet óziniń paydasin beredi, al bir betkeylik, júzekilik, jel-wókpelik sıyaqlı álpayımlıqqa qarsı bolǵan illetler adamnıń aqılsızlıǵın kórsetedi, dep esaplaǵan. Demek álpayımlıq hár bir adamnıń parızı dep tastıyıqlanǵan.

Álpayımlıq turmısta ushırap turatuǵın mayda-shúyde kewilsizlikten, naqolaylıqtan saqlaydı. Sebebi adam bir ózi jasay almaydı, adamlar menen hámme aqıt múnásibette boladı. Demek, insan óziniń kewliniń xoshlıǵınıń basqalardıń kewliniń xoshlıǵı menen baylanıslı ekenin esapqa alıp jasawı kerek.

Sır saqlaw júdá zárúrli. Álbettem sırdıń túri kóp, mámleket sırı, kásip sırı, shańaraq sırı, jamáát sırı, er-qatın sırı, aǵa-ini sırı, tuwısqanlar sırı, doslar sırı, qızlar sırı, jigitler sırı hám taǵı basqalar. Sáwbetlesiw aqtında hámmeniń biliwge tiyisli bolmaǵan sózlerdi aytpay, ishte saqlaw ádeplilik bolıp esaplanadı. Sebebi sır saqlaw tildiń astına ottıń shoǵın saqlap júrgen menen barabar deydi danalar. eger sır saqlaw qásiyetine iye bolmasa, ol adam hámmeniń oǵan degen isenimin, húrmetin joǵaltıp, «óziniń tiline kúshi jetpegen adamda haqıyqat shınlıq bolmaydı» (M. Gandı) degen minezlemege iye boladı.

Sózdiń qúdiretine erteden isenip, «sóz júyesin tapsa, mal iyesin tabadı» dep esaplap, xalqımız sózge úlken áhmiyet bergen. Adamlar arasındaǵı qarım-qatnaslarda onıń úlken rolin túsinip, («sóz mánisin bilmes jaman») sózdiń parqına qarawǵa hám qay jerde qalay sóylewge ayırıqsha kewil bólgen. Sózdiń oǵada qúdiretli kúsh ekenligin xalıq awzındaǵı «tayaq etten, sóz súyekten ótedi», «sóz jaralaydı, sóz emleydi», «jaqsı sóz jan azıǵı», «woq jarası piter, sóz jarası pitpes», «tawdı, tastı jel buzar, adamzattı sóz buzar» degen sıyaqlı naqıllar sózdiń dúziwshi hám buzıwshı kúshlerin kórsetip, sózdiń áhmiyetin kótermelegen.

Shınında da onıń adamǵa tásiri oǵada úlken. onı xalqımız «jıllı-jıllı sóyleseń jılan íninen shıǵadı» dep, jıllı sózdiń janǵa jaǵatuǵınlıǵın hám eń tappasań jıllı sóz benen qaytarıwdıń áhmiyetin mınanday naqıl menen: «Biyday nanıń bolmasa, biyday sózin joqpa edi?»-dep bildirgen.

Adamnıń jámiyette óz ornın tabıwında, el-xalıq arasında húrmetke erisiwinde, jaqsı turmıs keshiriwinde sóz baylıǵı, shıraylıǵı, isenimligi úlken áhmiyetke iye. Sózi dúziw, logikası kúshli bolǵan adamnıń gápin xalıq siltidey tinip tıńlaydı hám onı «tuwrı sózli adam» dep esaplaydı. Múnásibette qıysınlı sózdi ornında keltirip aytıw bul úlken baxıt. «Tawıp sóylegen sózińiz, tilden du’r shashqan anlıdı» degen oy júdá áhmiyetli.

Belgili, babamız Axmet ugnakiy «Ádeptiń bası abaylap sóylew» dep keltiredi.

Al Júsip Balasaǵuniy:

Kóp oylap, jaqsı sóyle - nusqa bolsın,

Sorasa juwabıń da qısqa bolsın ,

Sawlıq tilep, tabıs kútseń isińnen,

Jaramsiz bir sóz shıǵarma tisińnen, deydi.

Bul tórt sózdi bayan ettim, bulardıń jaqsısı - hám biliw, hám aytıw zárúr bolǵan sózdur. Bul tórt sózdiń eki tárepi bar: biri gózzal tárepi, ekinshisi jaman

tárepidur. Xalıq aldında sóyleytuǵın sóziń gózzal bolsın, bul sózdi xalıq qabıl etsin. Xalayıq seniń sóz benen bálent dárejege eriskenińdi bilsin, sebebi adamıń mártebesi sóz arqalı bilinedi, sózdiń mártebesi adam arqalı bilinbeydi, sebebi hár adamnıń awhalı, jay-jaǵdayı óz sózi astında jasırınǵan boladı, aǵnıy bir sózdi bir ibara menen aytsa boladı, onda esitken adamnıń kewili jaǵdaysız boladı, sol sózdi ekinshi ibara menen aytsa, esitken kisiniń kewli ashıladı. Áy, balam, hádden aspaǵıl, hádden asıwdi sumlıq dep bilgil, hár iste ortasha bolǵıl. Hár sózdi aytıwǵa hám hár bir isti qılıwda shıdamli bol hám asıǵıwdan awlaq bol, sır'ińdi ózińnen basqa kisige aytpaǵıl sırıńdı birewge aytsań, sen onı sır deme.

Aldınan oylaw bul bir káramattıń túridur. Qanday sóz bolsa da, tıńlawdan jalıqpa. ol sóz keregińe jarasın, meyli jaramasın onı tıńla, óytkeni seniń ushın sóz esigi jabılıp qalıp, paydası tawsılıp qalmasın.

Suwıq sóz sóyleme, suwıq sózden dushpanlıq ónip shıǵadı. Qanday dana bolsań da, ózińdi nadan tutqıl, óytkeni sonda saǵan óner úyreniw esigi ashıq bolar. Sózdi hám ilimdi jaqsı bilseń de, hesh bir sózińdi buzba, tuwrı táriyple, sózdi ózgertpey, buljıtpay sóyle. Hámeldarlar menen hámeldarlarday, ápiwayı adamlar menen ápiwayı adamlarday sóyleskil, aqıllılıq hám dálil menen sóylegil.

## 3. 2. Islamdaǵı bilim, aqıl, ilimge umtılıw

Ózbekistan ǵárezsizlik sharapatı menen álemge belgili bolıp, onı dúńya maqullap, qollap-quwatlap atırǵan dáwirde respublikada jasap atırǵan hár bir adamǵa júdá úlken mánáwiy juwapkershilik júklenbekte. Bul hár bir adamnıń ómirde iymanlı bolıw máselesi. Sebebi búgingi mektep oqıwshısı, joqarı oqıw orınlarınıń talabası erteńgi sociallıq-ekonomikalıq turmıstıń quramalı maydanına beldi bekkem buwıp, bilekti sıbanıp túsetuǵın jigerbentler. olar erteń siyasatqa aralasadı, belgili bir siyasıy joldı ámelge asırıwǵa kirisedi. Jaslarımızdıń elde, dúńyada itibarlı bolıwı kóp jaǵdayda, olardıń iyman-itiqat túsiniklerine múnásibetleri menen belgilenedi. eger biz sonday iymanlı jaslardı, iymanı pútin adamlardı tárbiyalay alsaq, dúńyaǵa tanılǵan babalarımızdıń dástúrlerine sadıq bolamız. Sebebi babalarımızdıń mánáwiyat bulaqları jańa áwlad ruwxıylıǵı menen uyǵınlasqanda ǵana rawajlanıw boladı, joqarı mánáwiyat qarar tabadı.

Wótken dáwirdiń filosofiyasında iyman túsinigi durıslı itibarǵa alınbadı. Házirge shekem biziń zamanago'y filosofiyamızda da onıń ádep-ikramlıqtaǵı salmaǵı izertlew ob`ektine aylanbadı. onı úyretiw, túsindiriw házirgi kúnniń júdá bir áhmiyetli máselesi.

Din menen iymannıń baylanısı haqqında sóz etsek, geypara adamlar onıń ekewin bir dep qaraydı. Belgili iláhiyatshı Abu Hamid al-Ǵazzaliy iyman menen din túsiniginiń ulıwmalıq tárepleri menen birge, parqınıń bar ekenligin de kórsetken. Ulamanıń pikirinshe, tavakkul (qudayǵa tayanıw) iymannıń tiykarǵı bólimi dep esaplanıp, ulıwma onda ilim, halat hám háreket barlıǵın kórsetedi. «Ilim, - deydi ol, - áhmiyeti, itibarlıǵına bola iyman hámdur. Sebebi iyman - qálibtiń itiqatı, bul ilimdur». Hádisi shariflerde de ilim alıw iymanlılıqtıń tiykarǵı belgisi sıpatında talqılanadı, yaǵnıy «bir saat ilim menen shuǵıllanıw bir keshe ibadat qılıwdan abzaldur» delingen.

Kóplegen alımlar kúndelikli turmısta o’ndiris hám sociallıq iskerlikte adamlar ortasında iseniwdi iymanǵa teńlestirip, onı biliw quralı dep esaplaǵan. Mısalı Platon biliwdi birinshi orınǵa, aqıldi, parasattı ekinshi, isenimdi úshinshi orınǵa, uqsatıwdı, qıyaslawdı tórinshi orınǵa qoyǵan.

Haqıyqatında da iyman jámiyette mánáwiyattı qarar taptıratuǵın, adamdı insanǵa aylandırıw ushın qu’diretli ruwxıy qural. óytkeni ol adamlardı milleti, dini, rasasına qaramay, biri-birine jaqınlastıratuǵın bir únles nárse bolıp, óz-ara isenim menen jasawǵa imkaniyat beretuǵın tartımlı túsinik. Sonıń menen qatar iymanlılıqtıń quram bólekleri retinde oǵan insap, táwbe, nápsi, qánáát túsiniklerin biriktirse, filosofiyalıq kóz-qarastan durıs boladı.

«Insap-dinniń jartısı» deydi xalqımız. Jaman adamdı insapsız deydi. Insaplılıq bul qudaydı pisent etiw. Sebebi adam tuwılǵanda kókregi haq, pák bolıp tuwıladı hám ádalatshıl bolıp xızmet etiwge tırısadı.

Insap ádep-ikramlılıqtıń eń áhmiyetli talaplardıń biri. Ol óz ishine haqıyqatlıqtı, tatıwlıqtı, alınǵan minnetlemesine sadıqlıqtı, islenip atırǵan istiń tuwrılıǵına isenip, adamnıń óziniń hám basqalardıń aldında rasgóyligin, basqa adamlardıń huqıqların moyınlaw hám húrmetlewdi qamtıydı. Insaplılıq adamlardıń iskerligi menen baylanıslı bolıp, olardıń kúndelikli turmısındaǵı talabın hám háreketin óz-ara qadaǵalap baylanıstırıp otırıwdan kelip shıǵadı. Adamlar arasındaǵı qayırqomlıq jáne jawızlıqtı bahalaw da insapqa baylanıslı. Sonday-aq adamlardıń jámiyettegi roli menen onıń sosh9tsiallıq awhalınıń úylesiwin, kisiligi menen onı bahalawdıń, huqıqıy hám wazıypalı qatnasların kórsetetuǵın ulıwma insanıylıq pikirlerge muwapıq keletuǵın turmıs tártibi. Sonıń ushın adamlar qanday da birewdiń islerinde nadurıslıqtı bayqasa, ádilliktiń buzılǵanın kórse, hámelinen paydalanıp jamanlıq islese, ótirik-ósek kóbeyse «ya insap» dep eldi ádepke, miyirim shápáátke shaqıradı:

Insan tábiyatı ráhátte, házlikte, shán-sháwkette, jasaydı kúsep, hám tegin-shashınlıqta bolıwdı árman etedi. Bul talap hám mútájlik, materiallıq, ruwxıy máplerdi keltirip shıǵaradı. Ol júdá úlken kúsh-quwat bolıp, olar járdeminde ómirdiń degershigi aylanıp turadı. Onıń ushın insan úzliksiz hárekette ózin otqa -suwǵa uradı, miynet qıladı materiallıq baylıqlar jaratadı, dúńyanı abatlastıradı.

Mine sol iqtiyajlardı, mútájlikti, materiallıq hám ruwxıy máplerdi shártli ráwishte «nápsi» dep ataydı. Insan áne sonday sıpatlar dan payda etken nápsini qandırıw jolında hár qanday qıyınshılıqlar hám mashaqatlardan qaytpaydı. Kerek bolsa hár qanday jalatayshılıqqa baradı, qılmıs qıladı, birewlerdiń haqın jewge, múlkin ózlestiriwge háreket etedi. Urlıq isleydi, talaydı, basqınshılıq etip, adam óltiredi, zinaǵa jol qoyadı, mıńlap- milionllap insanlardı óltiriwge aparatuǵın urıslar alıp baradı.

Bunday nápsi bálesin tıyiw adamlardı ádepli háreketleri arqalı ámelge asadı. Jáhánde ádillik tımsalı bolǵan Anushiruon atası ólgennen keyin onıń ornına ózi otırǵanda mámlekettegi barlıq ulamalardı toplap olarǵa: «dúńyada hámme nárseden ne jaqsıraq» dep sawal bergen eken.

Olardıń biri-anaw, biri mınaw, dep túrli-túrli juwaplar aytqan. Biraq olardıń juwapları patshanı qanaatlandırmaǵan. Sonda olardıń ishinde otırǵan kambaǵal músápir bir adam ornınan turıp: Áy, álem patshası dúńyada hámme nárseden úsh nárse jaqsıraq. Olardıń birinshisi-qatın, ekinshisi-ólim, úshinshisi-mútájlıq degen. Anushiruon oǵan qarap: bul ájayıp eken, dúńyada hámmeden de jamanıraq nárse usı úsh nárse sıyaqlı edi. Sen qalay dálilleyseń, dep soraǵanda: Ol: padshayım eger dúńyada qatın bolmasa sizdey alǵır adam tuwılmas edi.

Bilim - bul barlıq dúńyadaǵı jetisken tabıslardıń atası, danalıq paziyletlerdiń anası. Bilimsizlik adamdı nadanlıqqa alıp kelse, bilimlilik aqıllılıqqa, abıroy-ataqqa alıp keledi. Bizler Ábiw Áliy Ibn Sino, Al` Farabiy, Al` Beruniy, Al` Xorezmiy, Mırza Ulıǵbek, Áliysher Nawayı sıyaqlı ullı danıshpanlardıń áwladlarımız dep maqtanıwımız da olardıń bilimdanlıǵınıń

arqasında, bul babalarımızdıń dúńyaǵa tanılıwı hám húrmetke bóleniwiniń ózi de olardıń ilimiy jańalıqları menen bilimdanlıǵınıń tiykarında.

Adamlardıń haywanlardan ayırmashılıǵı onıń aqıl pazıyletlerinde. Sebebi aqıl baxıt ǵáziynesindegi saqawatlıǵınıń gilti bolıp esaplanadı. Dúńyadaǵı eń jaqsı nárselerge iye bolıw da pámge tiyisli. Hár bir adam aqıl-woyǵa iye bolıp, ilim, óner úyreniwge umtılsa, ol óz tilegine jetedi. Hár bir istiń óz sebebi boladı. Hár bir sebeptiń óz sebepshisi hám hárbir sebepshiniń mákanı hám aqtı bar, onı biliw ómirdi uzartadı, dáwletti qolda uslaydı.

Demek, hár bir adamnıń táǵdiri óziniń qolında. Onıń qanshama dárejede ǵurǵın jasawı, abadan turmıs keshiriwi, ekinshi bir adamnan biyǵárez bolıwı, erkin oylawı onıń alǵan bilimine, úyrengen ónerine hám ádepli minez-qulqına baylanıslı. Bilim adam aqılınıń tiykarǵı azıǵı. Dúńyaqarasınıń keńeyiwi, ruwxıy dúńyasınıń bayıwı da bilimniń dárejesi menen ólshenedi. Demek, bilim adamzattıń jasaw quralı. Sonlıqtan xalqımız «woqıǵan ozar, oqımaǵan tozar» dep júdá durıs keltirgen.

Abdulla Awlanıy óziniń «Turkiy gúlistan amasa ádep» atlı miynetinde` «Dúńya-mal tabıwdıń eń bereketli jolları ónerlilik, eginshilik, sharwashılıq, sawdagershilikdur, bulardıń hár birine de bilim lazımdur»[6] dep jazǵan edi.

Hár bir adam ullılıqqa jetisiwge talpınadı onıń ushın ózin miynette shınıqtırıp, óz minez-qulqında sabırlılıq, kishipeyillilik, bir sózlilik, sadıqlıq, ádalatshıllıq sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestirip, oǵan mudamı ámel qılıp barıwı ushın bilim zárúr.

Biziń búgingi, ǵárezsizlik dáwirimizde jaslarımızdıń hár tárepleme jetilisiwi, qálegenińshe bilim alıwları ushın barlıq imkaniyatlar jaratılǵan. Usı imkaniyatlardıń ónimli paydalana alǵan adam kámillikke jetisedi hám óziniń, sonday-aq mámleketimizdiń abadan turmısın támiyinley aladı.

---

[6] A. Avloniy. «Turkiy guliston yaxud axlok» 1992 j., 33-34 bb.

Jaslar ózlerine kórsetilip atırǵan izzet-húrmetti erteńgi kúni qaytara alıwı ushın ózlerin bilim menen bayıtıp barıwı, sonday-aq milliy qádiriyatlarımızdı úyreniwi tiyis.

Adam qalay aqıllı boladı. Hákim Ulıqpannıń násiyatlarında eger aqıllı bolǵiń kelse, hikmet úyrengil, aqıl hikmet penen erjetip ósedi degen edi. Al Aristotel` danıshpannan «Aqıldiń kúshi neden ibarat» dep soraǵanda, danıshpan «Bárshe adamnıń kúshi awqatdandur, aqıldıń kúshi bolsa hikmetdendur» dep juwap beripti.

Adamlar aqıllı bolıwı ushın ilimdi iyelewi kerek. Kúnniń jer júzin jaqtırtqanı hám álemge máńgi ómir baǵıshlaǵanı sıyaqlı, ilim de júrekti nur menen jaqtırtadı, kewildi ósiredi, tájiriybeni asıradı. Ilim tájiriybeleriniń shıpali dári-dármaqları adamlardı awır nadanlıq keselliginen qutqaradı. Bilim aǵashınıń miywesi aqıl-parasat, adamlarǵa ǵamxorlıq.

Bilimli bolıw hámmesinen burın adamnıń ózi ushın, óz húrmetin asırıw, basqaǵa izzetin kórsetiw ushın kerek. Ilim tek basqalarǵa úyretiw ushın ǵana úyrenilgen bolsa, onnan adamnıń ózi payda kórmese, onıń áhmiyeti bolmaydı. Sebebi danalardıń aytqanınday, adam ilim hám dúńya maldan áweli ózi paydalanıp, keyin basqalarǵa úlestirip beriwi kerek. Jaqsı nátiyje bergen jańalıqlardı, tájiriybelerdi áweli ózińe, keyin basqalarǵa engiziwiń maqul. Sonda adamnıń aqıli artadı, abıroyı ósedi.

Sonlıqtan Quranı Kárimde «Alımnıń uyqısı, amıydıń ibadatınan artıq» delingen. Aqıllı adam qılatuǵın istiń keyni ne menen ayaqlanatuǵınin kóz aldıńa keltiredi. aǵnıy eń dáslep esikke kirmesten burın onnan qalay shıǵıwdı oylap alıw aqıllılıqtıń belgisi.

Belgili allama Abdulqádir Nurıy bılay deydi «Aqıl insan ushın eń joqarı zárúrliktiń biri. Aqıl menen zatlardıń sırı hám negizleri úyrenilip, ilim hám bilim iyelenedi, kásip payda boladı. Bir hákim aytadı` «Aqıl júrek ishindegi nur, bul nur menen haq hám nahaq bilinip alınadı». Basqa hákim aytadı: «Aqıl óz iyesin

dúńyanıń hár qıylı apatlarınan qutqaradı», jáne bir hákim aytadı «Aqıl jannıń ómiri, al jan bolsa deneniń ómiri». Taǵı bir hákim aytıptı «Kisiniń nápsi aqılinan ústem bolsa, onday adamnıń haywannan parqı joq. Ilim iyelew jolında bekkem turıwdan góre jaqsıraq is joq. Sebebi ilim kisine izzet hám abıroyǵa jetkizetuǵın qural bolıp esaplanadı».

Aqılli adamlar pás hám jaramas ortalıqqa túsip qalsa, onnan tez qutılıp shıǵıwǵa háreket etedi. Kimde kim soqırlarsha biymálim jolǵa atlansa, xalıqtıń baratırǵan jolınan uzaqlassa hám qanshama kóp júrse, sonshama adasa beredi. eger bir adamnıń kózine shóp tússe onı alıp taslamay, áhmiyetsiz bir nárse dep esaplap kózin uwqalay berse, ol pútkilley soqır boladı. Aqıllı adam kóptiń rayı menen esaplasip, oǵan isenedi, biraq sonıń menen birge, aqıllı hám tájiriybelilerdiń sózlerine de qulaq salıwı kerek. Aqıllı adam ózine ráwa kórmegendi basqaǵa da ráwa kórmewi zárúr. Sebebi hár istiń óz sıylıǵı bar, aqtı kelgende, álbette, aqıbeti málim boladı.

Bilegi kúshli birdi jıǵadı, bilimi kúshli mińdi jıǵadı degendey, bilimli adam hár bir iske mártlik penen qol ura aladı, hesh kimniń aqılıy járdemine mútáj bolmaydı. Bilimlilik - bul insannıń eń ullı hám muqaddes pazıyleti. Bilimlilik adamdı joqarı mádeniyatqa, máripatqa talpındırıwshı, jaramsız illetlerden saqlanıwǵa járdem etetuǵın ruwxıy kúsh boladı. Bilimge adam tek ǵana oqıw, úyreniw arqalı erise aladı. Adam hesh aqıtta bilimniń shegine shıǵa almaydı, sebebi bilim dúńyası - túpsiz teńiz, sheksiz kárwan. Bunnan paydalana alǵan adamnıń barǵan sayın dúńya-qarası keńeyip, ele ózine tanıs emes sırlardı biliwge umtılıp, aqıl-sanası tolısıp baradı.

Bilimlik haqqında qaraqalpaq xalqınıń belgili shayri X. Axmetov:

Qaraǵım, oqı, bilim al,
Oqımaǵan adam lal.
Gúllán is oqıw, bilimde,

Oqıw shiyrin, oqıw pal, - degen qosıq qatarlarında da oqıw, bilim alıw adamnıń insan sıpatındaǵı kelbetin belgileytuǵın quralı ekenligi, onıń júzin jarqın, ómirin zıyada etetuǵınlıǵın qaraqalpaq shayırlarınıń erteden-aq jırlaǵanlıǵın kóremiz. Bilimliktiń dúńyajúzilik qádiriyat ekenligi, sonlıqtan hind danalarınıń «Úsh taypadaǵı adamdı kórmey turıp ta sıylaw múmkiń: alımdı, saqıydı hám ádil kisini» degen húrmetinde kóriwge boladı.

Solay etip, adamnıń ruwxıy dúńyasın bayıtatuǵın, aqıllı bolıwǵa jol kórsetetuǵın ilimdi iyelew kerek. Kúnniń jaqtılıǵı álemge máńgi ómir baǵıshlaǵanı sıyaqlı, ilim de júrekti nur menen jaqtırtadı, kewildi ósiredi, tájiriybeni arttıradı. Ilim bilimleri adamdı nadanlıq degen awır kesellikten qutqaradı.

Aldińǵı bólimde keltirilgen kámil insannın on úsh sociallıq sıpatların esletip ótemiz. Olarǵa: aqıllı, ádepli, miynet súygish, bilimli, salamat, watanparwar, baynalminal, insanparwar, shaqqan, jigerli, sabır-qanaatlı hám qayır-saqawatlı degen sıpatlar keltirilgen.

Lekin adam tereń pikir júritpey, basqalardan kórgen-esitkenlerin, kitaplardan oqıǵanların hámde ustaz muǵallimler aytqanın este saqlap qalıp, usı jollar menen alınǵan bilimlerge ámel etip júriwide múmkin. Bunda da aqıl qatnasadı. Biraq bul halda járdemshi wazıypanı orinlap, adam júdá intellektual kúshin sarp etpeydi. Mudamı usınday turmıs keshirip júrgen adamdı aqıllı dep bolmaydı, biraq kópshilik xalıq usınday turmıs keshiriwge kóbirek beyim. Sebebi, bul jol ańsatlaw bolip, adam gózlegen maqsetine onsha kóp aqılıy sarıplamay, basqalardıń oǵan úyretken bilimi arqalı jete aladı.

Lekin bazı adamlar oqıtıwshı hám muǵallimlerdiń aytqanın hám kitaplarda jazılǵanına qaanat etpey tayar qurallar turǵanda olrǵa ámel etpey, hár bir nárseniń negizine ózleri ǵárezsiz pikir júritip jetip barıwdı qályedi. Negizinde bunday qásiyet hár qanday insanda tábiyatan bar bolıp, kimdur oni ózinde

rawajlandırǵan, kimdur bul qásiyetti rawajlandırmay, onı sóndiriw jolınan ketken boladı. Kimde bunday umtılıw kúshi bolsa bul, onıń aqılı jaqsı islewden dárek beredi. Bunday adamlar aqıllı esaplanadı. Olar erkin bilim tabıw protsessinde ádewir aqılıy quwatları hám waqıtların sarıplaydı.

Bunday intellektual háreket kópshilikke málel kelgeni ushın kópshilik adamlar aqılıy kúsh-quwat hám waqıt sarıp etiwden qashıp, tayar bilimdi úyrenip qoyaǵoyadı, bilimim bar dep maqtanıpta júredi. Ziyalılar arasında bundaylar kópshilikti qurap, ola tayar bilimlerdi ózinde jıyıp joqarı maǵlıwmatlı kandidat nauk geyde ilim doktorı bolıp, mexanik ráwishte jıyıp alınǵan bilimlerin basqalarǵa da úyretip, sociallıq turmısta biyik lawazımlardı da iyelegen boladı. Biraq bunıń menen olar aqıllı bolip qalmaydı. Bilimli, ádepli, shaqqan bolsa da, aqıllı bolmaydı.

Aqıllı bolıw ushın adam ádewir qıyınshılıqlardı ózine alıp hár bir nárse ústinde ǵárezsiz pikir júritiw múmkin. Usı jerde bilimge de ilim «ketpenlerin» shawıp, yaǵniy izertldewler alıp barıp erisken adam aqıllı esaplanadı. Tek sonday adam eń joqarı maqset esaplanǵan kámillikke erise aladı. Sonıń ushın da, kámil insan bolıwdıń birinshi shárti etip aqıllılıqtı aldıq. Anadan adam aqıllı bolıp tuwılmaydı, álbette. Hámme adamlar birdey aqıldı isletiwge beyim bolıp tuwıladı. Bir adamda bul beyimlik joqarı basqa birewde kem bolıwı múmkin. Bulda tábiyiy. Tuwılǵan soń aqılın qanshelli kóp yaki kem isletiwi áwelden-aq onıń ata-anası tuwısqanları, soń tárbiyashı hám oqıtıwshılardıń háreketine baylanıslı. Úlkeygennen soń bolsa aqılın isletiw yaki isletpew júz protsent ózine baylanıslı bolıp qaladı. Ózbekstanda aqılın belsendi isletiw ushın sharayatı tómendegishe:

Ata-ana (bazılar bunnan daxlsız), balasınıń tuwrı joldan shıǵıp ketpew ushın, geyde ata-ananıń ózleri natuwrı jolda bolsada onnan ózleri aytqanlarınıń bárin islewdi talap etedi. Ǵururı kúshli bala sırttań islengen bunday «tárbityalıq», anıǵıraǵı ǵayrı tárbiyalıq tásirge qarsılıq kórsetedi. Juwas bala

bolsa bir neshe jıllar dawamında oǵan ótkizilgen tárbiyalıq tásir nátiyjesinde «mómin-qabıl» hám iseniwsheń bolıp jetisedi. Bunday bala «jaqsı bala» dep te júritiledi. Bala mektepke barǵanda oqıtıwshılar da onnan ózlerine sózsiz boysınıwdı, bergen bilimin pikirsiz qabıl etiwi, oqıtıwshı aytqanın orınlawdı talap etedi. Nátiyjede ata-anası hám oqıtıwshılardıń sózine kirgen bala kóp bilimge axlaqqa iye perzent bolıp jetisedi. Óz shaxsın qorǵap, olardıń sózine kirmegen balalar bilimge de, ádepke de iye bolmay, jaman bala bolıp qaladı. Biraq ekewide aqılın islete almaytuǵın bolıp jetilisedi. Olardıń parqı sonda birinshisi, ómir boyı jaqsı perzent, lekin aqılın islete almaytuǵın hám shaxsı joq bolǵan adam boladı. Ekinshisiniń aqıllı bolıwına imkan boladı, sebebi ol óz shaxsın saqlap qalǵan. Ol ózi qılıp atırǵan jamanlıqlardıń jaman ekenligin túsinip jetip, ǵururi hám jigerin iske salıp óz ústinde islese aqıllı bolıp jetisedi. Sol sebepten kóp bilim iyelep hám jaqsı axlaqqa iye bolǵanlar, yaǵniy mekep hám joqarı oqıw orın jaqsı pitirgenlerdiń de kópshiligi hesh nársege qádir bolmay shıqpaqta. Sebebi, oqıw ornında yad alınǵan sırtqı bilim ádewir eskirgen bolıwı menen birgelikte, sabaqlıqlardaǵı bilimler ulıwmalasqan tarizde berilgen bolıp, olardı turmısta qollanıw ushın adam oylawın isletiw kerek boladı. Bitkeriwshi bala bolsa(bazılardan tısqari) ǵárezsiz pikir júritiwge úyrenbegen. Jańadan bilim iyeleymen dese yaki ishki bilimnen paydalanaman dese onday bilim alıw jolların bilmeydi. Úyde hám hám oqıw orınlarında (bazi ata-ana hám pedagoglardan tısqari) onı buǵan úyretpegen. Aqır aqıbette hesh nárseniń ústinen shıǵa almaytuǵın mómin hám iseniwsheń xalıq payda boladı. Negizinde bul jagday jámiyet ushın qorqınıshlı biraq bizler bunı jeńis dep esaplap, xalqımız mómin dep, maqtanıp ta júremiz. Insannıń ǵururı joqarı hám belsendi bolıp tuwılǵanlar ata-ana hám oqıtıwshılardıń zorlap al degen bilimin, ruwxıy qorǵaw maqsetinde qaysarlıq qılıp almay qıl degen islerin qılmay, aqır-aqıbette bilmsiz hám quwatın kórsetiw maqsetinde, islamdaǵi hár túrli ǵayrı-sociallıq bolǵan

baxaviyler, «xizib ut-taxrir», islam láshkerleri hámde xristianlardaǵı baptistler, protsessler, Egova shaxidleri hám salıp alıwǵa tosqınlıq etip kelmekte.

Negizinde bunday adamlar islamǵa da, xristiyanǵa da, ápiwayı xalıq mápine de qarsı. Bul hal bunday aǵımlar aǵza bolıp kirgenlerdiń bilimi júdá pásligi hám dúńya qarası tarlıǵınan. Bunday diniy shólkemler jaqsı tayarlanǵan pidayı, múlayim usıllar menen adamǵa jaǵatuǵın dárejede májbúrlemey bazıda ekonomikalıq járdemler berip, islam hám xristiyanlıq haqıyqıy hám ádalatlı din ekenlign ózine jarasa sıpatlar menen kórsetip, bul aǵım ashıp beredi. Sonnan soń bunday baxıtlı turmısqa erisiw ushın gúresiw kerek degen ideyanı áste-aqırın ilgeri súredi hám omı, biraq ǵururı bar jaslardı ózlerine aǵza etip aladı. Ashshı bolsa da, biziń sharayattaǵı sociallıq ahwal, ulıwma alǵanda sonday. Bunı biziń kór jıllıq izertlewlerimiz kórsetip berdi.

Aqıldıń kerisi aqmaq basqasha aytqanda aqılsız insan dep ataladı. Biraq aqılsız insan emes, bálki aqıldın islete almaytuǵın insan bar. Aqıldı isletpeytuǵın insan, aqıildan azǵan esaplanadı. Aqmaq adamnıń qáliplesiw tártibi tómendegishe: Insan pikir júritiw, miynet etiw, yaǵnıy maqsetke baǵdarlanǵan háreketler etiw hám basındaǵı óz pikirlerin sóz arqalı basqalarǵa bildiriw yaǵnvy sóylew qábiletine iye bolıp dúńyaǵa keledi. Tánri taala tárepinen inam etilgen bul baylıqlardan oǵan berilgen tálim-tárbiyaǵa baylanıslı. Tálim-tárbiya protsessi shaxsqa sırttan tálimiy tásir etiw jolı hám ózin-ózi tárbiyalaw arqalı ámelge asırıladı.

Insan dúńyaǵa keliwi menen-aq oǵan sırttan tárbiyalıq tásir etiw baslanadı. Bul balanı jórgeklew, málim bir waqıtta awqatlandırıw hám juwındırıw sıyaqlı háreketlerden ibarat boladı. Soń «Qolıńdı awzıńa salma», h.t.b buyrıqlar menen dawam etedi. Júretuǵin bolǵanınan keyin bolsa, ol jaqqa barma, bul jaqqa kel. Onı qılma, bunı qılma, sóylewi menen bolsa, onday deme, bunday de, sıyaqlı násityalar da geyde shapalaq urıwlar basalnadı. Tásir etiwdiń bul usıllar onsha

qattı bolmay mehir hám muhabbat penen qılınsa bala onı tuwrı túsinip tuwrı qabıl etiwi hám ózin ózgertiriwi mumkin. Biraq bul tárbiyalıq tásir ótkiziwler ashıw menen hám de jan, qálib awıratuǵın tárizde qılınsa bul tálim keri nátiyje berip, bala úlkenler aytqanınıń kerisinshe isleytuǵın bolıp qaladı. Bul balanıń negizi jamanlıǵınan emes, óz ruwxın ózi qorǵawdan. Bunday tásirler uzaq dawam ete berse bala joqarıda aytılǵanınday mómin, yaǵnıy «jaqsı bala» bolıp shıǵadı, yaki úlkenlerge sonday-aq oqıtıwshı hám muǵallimlerge degen jek kóriwshiligi asıp, hámmeni jaman kórip olarǵa qarsı háreketler etetuǵın urı boladı. Nápiretin ishine jutsa nervi buzılıp túrli keselliklerge duwshar boladı, sırtqa shıǵarsa, hámmeni qapa etip, urısqaq sociallıq ortalıqtıń buzılıwına sebepshi bolǵan ádepsiz bala boladı, kitap oqı dese oqımay, sabaq tayarla dese tayarlamay, onday qılma dese solay ete baslaydı. Aqır aqıbette bilimsiz hám ádepsiz pikir sheńberi tar hám aqmaq bolıp qaladı.

Ádepli bolǵan sociallıq sıpat ta insan páziyletlerinen biri esaplanadı. Ádepli adam ulıwmainsaniy qádiriyatlar menen birge milliy qádiriyatlardı jaqsı bilgen hám olardı qádirlegen hám jánnet ishinde qabıl etilgen axlaq hám ádep normalarina ámel qilatuǵin adam.

Haqıyqattan da ulıwmansaniy qádiriyatlar menen birge milliy qádiriyatlar esaplanǵan miynet etiw, baxıtlı turmıs keshiriw, súyiw hám súyiliw, bilim iyelew úlkenlerdi húrmet etiw, kishilerge hám hayallarǵa izzet kórsetip olardı qádirlew, ras sóylew hám soǵan uqsas turmıslıq zárúr hám qádirli bolǵan qádiriyatlarǵa húrmet pene qaraw hám olardı qádirlew ulıwmainsaniy ádep esaplanadı. Usiǵan uqsas ásirler dawamında málim bir xalıqtıń milliy qádiriyatı bolıp kelgen bayram hám toylardv hámde túrli oyın hám dástúrlerdi ótkeriw, quda-tamır bolıw, miyman kútiw, xojalıq júritiw, kiyiniw siyaqlı úrp-ádetlerdi tán alıp olarǵa ámel qılıw milliy ádep kórinisiniń belgisi. Sonday-aq, sálemlesiw, awqatlanıw, sóylesiw, kiyiniw, jámiyetlik orınlarda ózin tuta biliw

sıyaqlı sociallıq turmısta bar bir qatar háreket normalarına ámel etiw hám ádep katıgoriyasına kiredi.

Ádepsizlik bolsa, pútkil insaniyat yaki bir millet qádiriyat dep qabil etken nárse hám hádiyselerge húrmetsizlik kórsetiw, málim bir jámiyette úrp bolǵan ádep-ikramlıq normaların ámel qılmay olardı mensinbey, ayaq astı etiw. Máselen, ulıwmainsaniy qádiriyat esaplanǵan miynet etiwdi inkar etip, jumıssız júriw hám is bolǵanda da, erinsheklik etip islemeslik úlken ádepsizlik esaplanadı. Bilim iyelew ulıwmainsaniy qádiriyat. Sharayatı bola tura, ata-ana hám basqalar, ey insan, oqısańshı, bilim alsańshı dese de, bilim almaslıq óte ádepstizlik. Ádepsizliktiń keshirip bolmaytuǵin hám eń jaman kórinisi súygenlerdi, olarǵa qarsılıq kórsetiw yaki, onnan da jerkenishlisi, olardı abıraysız etiwge urınıw. Bul jerde, insannıń eń jaman sociallıq sıpatlarınan biri bolǵan kóre almaslıq jaǵdayı da bar. Bilim alaman degenge qarsılıq etiw de ulıwmainsaniy qádiriyatti inkar etip ádepsizlik esaplanadı. Oniń ústine bilim aliwǵa qarisiliq etiw islamǵa degen kóterilis bolıp ǵana qalmay, insan huqıqın paymal qılıw bolıp esaplandı. Besikten qábirge deyin bilim iyelew hár bir músılman hám muslimaga parız qılınǵanın umıtpaslıq lazım. Úlkenlerdi húrmet etpew, jas balalar hám hayallarlı qapa etiwde ulıwma dúńyalıq ádepsizlik bolıp, insaniyat tárepinen hesh bir sharayatta keshirilmeydi. Soǵan uqsas milliy qádiriyat, úrp-ádet hám dátúrlerdi húrmet etpew milletke degen ádepsizlik. Adam bazi úrp-ádet hám dástúrlerdi orinlamsliǵi múmkin. Biraq olarǵa húrmet penen qarap olardiń ústinen kúlmesligi, masqara etpesligi kerek. Sebebi, bul ádepsizlikke kiredi.

Bazı orında milliy qádiriyatlar yaki úrp-ádetler ulıwmainsaniy qádiriyatlarǵa qarsi kelip qalıwı múmkin. Máslen, musılman mámleketlerinde hayal-qızlardıń islep shıǵarıwda qatnaspay úy-biykesi bolıp otırıwı úrp bolǵan. Bul málim bir xalıqtıń milliy qádiriyatı bolǵanı menen, ulıwmainsaniy qádiriyatlarǵa qarsı. Bul haldi usi jerde jasawshı adam tańlaw ekenliginen

paydalanıp ya aymaq qádiriyatın uslaydı, yaki ulıwmainsaniy qádiriyatqa ámel qıladı. Kámillikke umtılǵan adam óz jerinde ádepsizlik esaplansa da, ulıwmainsaniy qádiriyatti ústin qoyıwı múmkin. Kámil insan bolaman degenlerge bir tegis hám tuwri jol joq. Álbette, olar ózi tańlaǵan kamalat jolında shad boladı. Ulıwmainsaniy qádiriyatlar mıń jıllar dawamında pútkil insaniyattıń qadaǵalaw eleginen ótip kelgen ruwxıylıqtıń bir kórinisi. Bul jaǵdayda da territoriyalıq qádiriyat ulıwmainsaniy qádiriyatqa ornın bosatadı. Bilim alıwda da sonı aytıw múmkin, bilim alıwǵa qarsılıq kórsetiwshi adamnıń ózi jer júzinde qalmaǵan bolsa da, az bolsa da (Bazida biziń jerde de), «qız balanıń oqıǵanı qayaqqa barar edi, boldı, oqvmaysań seni turmısqa uzatıp jiberemen degen gáplerdi esitiw múmkin. Bul júdá ádepsizlik esaplanıp, tek insaniyatqa, tek islamǵa emes, bálki insan huqıqlarına da ashıqtan ashıq qarsı shıǵıw. Bul tek ádepsizlik emes, bálki insaniyat bilgen eń kúshli gúnalardan biri bolıp, milletti tómenge tartadı. Bundaylar menen kelisimsiz hám ayawsız gúres alıp barıwı lazım. Gúres degende tuwrı mánide urıstı túsinbey, olarǵa tárbiyalıq tásirdi ótkeriwdi túsiniw lazım.

## Juwmaq

Ǵárezsizlikke erisiwimiz sebepli jámiyet hám shaxs mánawiy dúńyasın jetilistiriwge hámde milliy hám islamlıq qádiriyatlardan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa keń imkaniyat jaratıldı. Búgingi kúnde bunday imkaniyatlardan paydalanıw hám bul imkaniyatlar mámleket, xalıq, millet máplerine baǵdarlanıwı ayrıqsha áhmiyet payda etedi. Mánawiy barkamal áwladtı jetilistiriwde islam mánawiyatınıń ornı, jámiyet rawajlanıwı talaplarına say túsiwi, iykarınan, mámleketimizde puqaralıq jámiyetin qurıw prinitsplerine juwap beriwi zárúr.

Kewilimizdegi niyet eki dúńya baxıtına erisiw bolǵanlıǵı sebepli ózgeni renjitpeymiz, jaqınlarımızdıń kewilin awlaymız, barlıq móminge tınıshlıq hám párawanlıq tileymiz, iygilikli maqsetlerge qaray umtılamız.

Mámleketimiz rawajlanıwı pák niyetli insanlar iskerligine, iyman pútin, haramnan qashatuǵın shaxslar ámeliyatına, mánawiy barkamal jaslar kámilligine baylanıslı bolıp tabıladı. Usı kóz-qarastan qaraǵanda, átirapımızdaǵı waqiya-hádiyselerge biyparwa qaramay, az bolsada jámiyetke bolǵan qáwiplerdi joq etip barıwımız lazım, sebebi musılman musılmannıń aynıs, delingen. Islamıy ádep qaǵıydalarına ámel qılǵan halda, qolımızdan kelgenshe birewge tilimizden bolsın, yaki qolımızdan bolsın azap bermey iygilikli niyetti kewlimizge jámlegen halda hár dayım izleniw hám hárekette bolıwdı Alla hámmemizge nesip ettirsin. Mámleketmiz azat hám abat, xalıqımız turmısı párawan bolıp bara bersin. Iyegilikli maqsetlerdi gózlep ótkizilip atırǵan turmısımızdaǵı reformalardıń nátiyjesin kóriw nesip etsin hám Alla islerimizge bereke bersin.

Islam dini táliymatın tereń biliwimiz keleshekke bolǵan, jaqsılıqqa bolǵan, jarqın turmıs tárizine bolǵan umtılıwımızda, din sıpatında islam mánawiyatı bizge ne berdi hám bizlerdiń ullı ata-babalarımız islam mánawiyatına qınday úles qosqanlıǵı haqqında anıq tásirge iye bolıwımızda sheksiz áhmiyetke iye. Islam táliymatın ilimiy analizlew hár qanday kóz-qaras, táliymat, ideologiya sıyaqlılarǵa ústirtin múnásebette bolıw sıyaqlı illetlerdiń aldın aladı. Islam dininde insan barlıq janzatlardan káramatlı etip

jaratqanlıǵı haqqında ayıladı. Solay eken, insan degen atqa hár tárepleme ılayıq ekenligimizdi ámelde kórsetiwimiz lazım bolıp tabıladı.

Islam dininiń mánawiy jetik insandı tárbiyalawda úlken qúdiretke iye bolǵan mánawiy, morallıq kúshekenligi haqqında sóz etiledi. Islam dini Allahtıń insanlarǵa bergen úlken sawǵası, sebebi ilim, filosofiya sheshe almaǵan islerdi, mashqalalardı din sheshe aladı. Sebebi Allah insanlarǵa olardıń aqılı jetpegen, kórmegen hám bilmegen haqıyqatların ózi tańlaǵan Payǵambarları arqalı bildiredi.

Sonıń menen birge islam mánawiyatı teńsizlikke, ádalatsızlıqqa narazılıq sıpatında payda boldı. Islam dini ulıwma adamzatlıq qádiriyatlardı násiyatlawshı filosofiyalıq táliymatlar qatarına kiredi. Basqasha aytqanda adamnıń jámiyette tutqan ornı hadallıq, miynet, iyman, insap, qanaat sıyaqlı sezimleri filosofiyalıq tańlawda ózine tán jolına iye bolǵan kúshli ideyalıq táliymat.

Búgingi Ózbekstan Respublikası huqıqıy demokratik mámleket hám puxaralıq jámiyet qurılıwı sharayatında islam dinine ulıwmainsanıy qádiriyat sıpatında qarap, ulıwma mádeniy rawajlanıwımız protsessiniń quramlı bólegi esaplap, joqarı ulıwmainsanıy pazıyletlerdi qáliplestirip hám insandı tuwrı jolǵa basqarıwda diniy bawrıkeńlik tiykarında joqarı mánawiylikke baǵdarlawshı aǵartıwshı din ekenligin túsinip jetip, onnan házirgi dáwir aldımızǵa qoyıp atırǵan baslı tárbiyalıq mashqalalardı sheshiwde hám jaslardıń mánawiy-máripiy tárbiyasında keń paydalanıw lazım.

Dissertaiyanıń ulıwma mazmunınan kelip shıǵıp tómendegi ilimiy-teoriyalıq juwmaqlarǵa keldik:

– Islam mánawiyatı tiykarında jaslarımızdı zıyanlı tásirler, jat-biygana ideyalardan qorǵaw, olardıń dúńya qarasında ideologiyalıq immunitet payda etiw, globallasıw protsessinde ayrıqsha áhmiyet payda etedi. Islam mánawiyatı xalıqımız mánawiy turmısınıń hár qıylı tarawların qamtıp alǵan bolıp, olardı

bas maqsetimiz bolǵan azat hám abat Watan, erkin hám párawan turmıs qurıwǵa baǵdarlaw aktual wazıypalardan esaplanadı;

- Islam mánawiyatı hár bir insanǵa milliy ózlikti ańlawǵa hám onı tolıq túrde seziwge xızmet etedi. Bul protsess insaniyat ushın tek ǵana qanday milletke tánligin biliw emes, al jámiyetlik sanada millet mápleri hám talapların sanalı túrde kóz aldına keltiriw imkaniyatın qáliplestiredi;

- Islam dini bizlerdiń regionımızda tarqalǵan (VIII asr) dáwirden baslap, sociallıq ómirde xalıqımız turmıs tárizinen keń orın alıp ǵana qalmay, al rawajlanıp, bayıp bardı hám bul dinge iseniwshi hár bir insan sanası hám qálbinde mánawiy-máripiy, diniy-ádep-ikramlılıq dúńya qarastı qáliplestirdi. Biziń pikirimizshe islam mánawiyatınan ǵárezsizlik sharayatında da mánawiyatımızdıń quram b5legi sıpatında paydalanıw múmkin;

- Ǵárezsizlikke erisiwimiz sebepli barkamal áwladtı tárbiyalawǵa hámde islam mánawiyatınan aqılǵa muwapıq paydalanıwǵa keń imkaniyat jaratıldı. Búgingi kúnde bunday imkaniyatlardan paydalanıw hám imkaniyatlar mámleket, xalıq, millet máplerine baǵdarlanıwı ayrıqsha áhmiyet payda etedi;

- Mánawiy jetik barkamal áwladtı tárbiyalawda islam mánawiyatınıń ornı, jámiyet rawajlanıwı talaplarına say túsiwi, tiykarınan, mámleketimizde puqaralıq jámiyet qurıw printsiplerine juwap beriwi zárúr;

- Islam dini hám mánawiyattıń óz-ara dialektikasın bekkemlep barıw lazım. Ásirese, diniy bawrıkeńlik printsipleri keńirek propagandalansa, mámleketimizdegi hár qıylı milletler hám konfessiyalar ortasında óz-ara baylanıs, doslıq, basqa din wákillerine húrmet tuyǵısı qáliplesiwine tiykar boladı;

Joqarıdaǵı juwmaqlardan kelip shıqqan halda tómendegi ámeliy usınıslar beriledi:

- Házirgi dáwerde mánawiy jetik barkamal áwladtı tárbiyalawda tiykarǵı qurallardan biri bolıp kelgen islam mánawiyatı mazmunın ózgertip óz ǵárezli

niyetleri jolında paydalanıwǵa háreket qılıp atırǵan aqidaparaslardıń háreketleriniń mazmun-mánisin, zıyanlı sociallıq aqıbetlerin ilimiy tiykarlap beriw;

- Ata-babalarımız mánawiy-ilmiy miyrası, tiykarınan islam mánawiyatına tán tiykarǵı dereklerdiń kópshilik bólegi arab hám parsı tilinde jazılǵan. Sol sebepli de bunday biybaha miyrasımızdı ana tilimizge awdarıw islerin jolǵa qoyıw kerek;

- Respublikamız bilimlendiriw sistemasınıń barlıq baǵdar hám basqıshları, máhálleler, mámleketlik emes, kommertsiyalıq emes shólkemler iskerliginde islam mánawiyatınıń watanpárwarlıq, tınıshlıqsúyiwshilik hám insanpárwarlıq ideyaların xalıqımız, tiykarınan jaslarımız sanasına sińdiriw jolınan ámeliy dástúrler islep shıǵıw;

- Zamanagóy uslub hám qurallardan paydalanǵan halda Shıǵıs oyshılları haqqında keń jámiyetshilikke mólsherlengen máripiy kórsetiw hám esittiriwler, hújjetli fil`mler, maqala hám qollanbalar tayarlaw;

- Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw sistemasında pánlerdi oqıtıw usılların jetilistiriw ushın oqıw hám tárbiya baǵdarlamalarında islam mánawiyatınıń bawrıkeńlik printsiplerinen paydalanıw maqsetke muwapıq.

Juwmaqlastırıp aytqanda, islam dininiń mánawiyatqa tásiri oǵada kúshli bolıp, hár qashanda ol insanlardı mánawiy barkamallıqqa qaray jetelep baradı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYaTLAR DIZIMI:

### Prezident miynetleri:

1. Mirziyoev Sh. «Erkin hám abadan, demokratiyalıq Ózbekistan mámleketin márt hám ullı xalıqımız benen birge quramız» Erkin Qaraqalpaqstan 17-dekabr` 2016-j.

2. Mirziyoev Sh. «Milletlerara doslıq hám awızbirshilik xalıqtıń tınıshlıǵınıń hám abadanlıǵınıń áhmiyetli faktorı» Erkin Qaraqalpaqstan 26-yanvar` 2017-j.

3. Mirziyoev Sh.M. "Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz". –T.: Ózbekiston Ózbekiston, 2017.

4. Mirziyoev Sh.M. "Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini táminlash yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi". –T.: Ózbekiston, 2017.

5. Mirziyoev Sh.M. "Erkin va farovon, demokratik Ózbekiston davlatini mard va oliyjanob xalqimiz bilan barpo etamiz". –T.: Ózbekiston, 2017.

6. Mirziyoev Sh.M. "Tanqidiy tahlil, qatiy tartib intizom va shaxsiy javobgarlik har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bólishi kerak". –T.: Ózbekiston, 2017.

7. 2017-2021 yillarda Ózbekiston Respublikasini rivojlantirishning (beshta ustuvor yónalishi buyicha Harakatlar strategiyasini "Xalk bilan mulokot va inson manfaatlari yili"da amalga oshirishga oid Davlat dasturini órganish bóyicha ilmiy uslubiy risola. –T.: Mánaviyat, 2017.

8. "Ózbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish bóyicha Harakatlar strategiyasi tóǵrisida"gi Ózbekiston Respublikasi Prezidenti Farmoni. 2017 yil 7 fevral. PQ – 4947.

9. I.A. Karimov «Joqarı mánawiyat – jeńilmes kúsh». – Toshkent: "Mánaviyat", 2008.

10. I.A. Karimov «Istiqlol va mánaviyat». – Toshkent: Ózbekiston 1994.

11. I.A. Karimov «Alla qálbimizde, júregimizde». Tashkent. 1999j

12. I.A.Karimov Ózbekstan XXI ásr bosaǵasında qáwipsizlikke qáwipler, turaqlılıq shártleri hám rawajlanıw kepilllikleri. Tashkent. «Ózbekstan», 1997

13. I.A. Karimov «Óz keleshegimizdi óz qolımız benen qurıp atırmız» Nókis. «Qaraqalpaqstan» 1999

14. I.A. Karimov «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishochdir». Toshkent. «Ózbekiston » 2000.

15 I.A. Karimov «Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir» – Toshkent, Ózbekiston, 1995.

16. Karimov I.A. Ózbekiston buyuk kelajak sari. // Ózbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish ywlida. -T.: Ózbekiston, 1998.

17. Karimov I.A. Din odamzotni hech qachon yomon ywlga boshlamaydi. «Islom ziyosi wzbegim siymosida» kitobidan. TIU nashriyoti. T:. 2005

18. Karimov I.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yólidan. – T.: Ózbekiston, 1998.

19. Karimov I.A. Ózbekiston XXI asrga intilmoqda. – T.: Ózbekiston, 1999.

20. Karimov I.A. Hushyorlikka dávat. Ózbekiston Milliy axborot agentligi muxbirining savollariga javoblari. – T.: Ózbekiston, 1999.

21. Karimov I.A. Mamlakatimizni modernizatsiya qilish va fuqorolik jamiyat barpo etish – ustuvor maqsadimizdir. – T.: Ózbekiston, 2010.

22. Karimov I.A. Mámleketimizde demokratik islohatlarni yanada chuqurlashtirish va fuqoralik jamiyatni rivojlantirish kontseptsiyasi. // «Xalq swzi», 2010 yil 13 noyabr (№ 220).

**Normativ-huqıqıy hújjetler:**

1. Ózbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. – T.: Óqituvchi, 2012.

2. Inson huquqlari umumjahon Deklaratsiyasi. 19-modda. // Huquqni muxofaza qilish organlariga oid xalqaro hujjatlar: twplam. – Toshkent: Adolat, 2004.

3. Fuqarolik va siyosiy huquqlar twǵrisidagi xalqaro Pakt. 19-modda. // Huquqni muhofaza qilish organlariga oid xalqaro hujjatlar: twplam. – Toshkent: Adolat, 2004. – B. 28; Bola huquqlari twǵrisida Konventsiya. 14-modda. – Toshkent: Inson huquqlari bwyicha Ózbekiston Respublikasi Milliy markazi bosmaxonasi, 2003.

4. Vijdon erkinligi va diniy tashkilotlar twǵrisida (yangi tahriri). ÓzbekistonRespublikasining Qonuni.– Toshkent: Adolat, 1998.

**Kitaplar, monografiya hám oqıw qollanbaları:**

1. Komilov N. Tasavvuf. -T.: «Movarounnahr»-«Ózbekiston». 2009y.

2. A. Abdurahmonov «Saodatga eltuvchi bilim» – Toshkent: Movarounnahr, 2001.

3. «Ruwxıylıq tiykarları». Oqıw qollanba.N.«Qaraqalpaqstan» 2009j.

4. Bazarbaev J. , Dawletova Q. Ádeptanıw. -Nókis, 1994

5. Bazarbaev J. Ruwxıylıǵımız máseleleri. -Nókis, NMPI 2000;

6. Bazarbaev J. Ádep filosofiyası. -Nókis, 2010

7. Mustaqillik (izohli ilmiy-ommabop luǵat). –T.: Sharq, 2000.

8. Najmiddin Komilov. «Tasavvuf yoki komil inson axloqi» – T.: 1999.

9. X. Karamatov «Qur`on va wzbek adabiyoti» – Toshkent: Fan, 1993.

10. U. T. Jwraev, Y.S. Saidjonov «Dunyo dinlari tarixi» – Toshkent: Sharq, 1998.

11. Mánaviyat yulduzlari. – Toshkent: Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 1999.

12. Sultonmurod Olim. Buyuk Naqshbandiya. Kecha, bugun, ertaga. – “Fan va turmush” jurnali, 1993. – № 5-6, 14-15-b.

13. Komilov N. Tasavvuf taraqqiyotidagi yangi ywnalish. Shayx Najmiddin Kubro. – T.: 1995.

14. Tulenov J., Ǵofurov Z. Falsafa. – Toshkent: Wqituvchi, 1997.

15. Falsafa asoslari. – Toshkent: Ózbekiston, 2005.

16. Buyuk siymolar, allomalar (1-kitob). – Toshkent: 1996.

17. Dwstqoraev B. Yassaviy kim edi? – Toshkent: Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 1993.

18. Xoja Ahmad Yassaviy. Devoni hikmat. – T.: Movarounnahr, 2006.

19. Ne`mat Jabbarov. Xoja Ahmad Yassaviy – tasavvuf osmonining porloq quyoshi. – Toshkent: 1994.

20. Tulenov J. Qadriyatlar falsafasi. – Toshkent: Ózbekiston, 1998.

21. Karimov Sh., Shamsutdinov R. Vatan tarixi. – T.: Wqituvchi, 1997.

22. Ózbekistonda ijtimoiy-falsafiy fikrlar tarixidan lavhalar.T., «Ózbekiston»

23. Uvatov U. Mahmud Az-Zamaxshariy.-T.: Abdulla Qodiriy atındaǵı baspası , 1995.

24. M. Zamaxshariy. Nozik iboralar.T;. Kamalak.1992.

25. Muhaddislar sultani. Metodik-bibliografik qwllanma. -T.: Alisher Navoiy nomidagi Ózbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti. 2006 y.

26. Inson kwrki odob. TIU. T.: 2004 yil.

27. Islom. Entsiklopediya. T.: "Ózbekiston milliy entsiklopediyasi". 2004y.

28. Imam Ismayl al-Buxariy. Al-adab al-mufrad (Adab durdonalari). «Ózbekiston» T. 1990y.

29. Ózbekiston Respublikasi (entsiklopediya). – Toshkent: Qomuslar bosh tahririyati, 1997.

30. Malono Jaloliddin Rumiy Ichingdagi ichingdadir. -T.: "Yozuvchi"

31. Imom Abu Homid Muhammad ibn Muhammad al-Ǵazzoliy. Ihyou ulumid-din. Birinchi kitob. –T.: Movarounnahr

**Internet - xabar derekleri:**

1. www.lex.uz.

2. www.islom.uz

3. www. hidoya.uz

4. www.tiu.uz

5. www.muslim.uz

6. www.manaviyat.uz